



Bwochi pou Patisipan nan MassHealth ABI-MFP yo

Yon Gid pou Moun ki ap Resevwa Sèvis pa mwayen Pwogram
Egzonerasyon pou Domaj Serebral Devlope oswa Plan Moving Forward la
Desanm 2025



Lis Sijè yo

	Seksyon revize
Entwodiksyon.....	1 ☐
I. Dwa Patisipan yo	3 ☐
A. Dwa Moun ak Garanti	3 ☐
1. Prensip Jeneral yo.....	3 ☐
2. Konsantman Enfòmè	6 ☐
B. Règ konsènan Anviwònman Familyal ak Kominotè (Règ Kominotè)	8 ☐
C. Planifikasyon ki Santre sou Moun ak Plan Swen an.....	10 ☐
1. Pwosesis Planifikasyon ki Santre sou Moun	10 ☐
2. Egzijans konsènan Plan ki Santre sou Moun nan	12 ☐
3. Modifikasyon nan Plan ki Santre sou Moun nan	13 ☐
4. Apèl.....	15 ☐
D. Pwosesis pou Plent, Ensidan, ak Ankèt	17 ☐
1. Pwosesis pou Pote Plent	17 ☐
2. Ankèt konsènan Abi, Neglijans, ak Move Tretman	22 ☐
3. Rapòte Ensidan	23 ☐
II. Prensip pou Patisipe nan Sèvis Egzonerasyon yo	25 ☐
A. Prensip Direktiv	25 ☐
B. Dwa ak Responsablite	26 ☐
III. Definisyon Sèvis	29 ☐
A. Sipò pou Lavi Endepandan.....	30 ☐
B. Kote w ap Viv	33 ☐
C. Konektè Kominotè.....	35 ☐
D. Èd Adomisil	38 ☐
E. Swen Pèsonèl	39 ☐

		Seksyon revize
F. Terapi ak Swen Enfimyè	41	☐
G. Sipò Familyal	43	☐
H. Modifikasyon Kay ak Machin epi Sipò pou Aksesibilite	44	☐
I. Asistans Tranzisyonèl	47	☐
IV. Kalifikasyon pou Pwogram Egzonerasyon yo	49	☐
A. Kalifikasyon Klinik.....	49	☐
1. Kalifikasyon Klinik Inisyal (pou Aplikan nan Egzonerasyon yo)	49	☐
2. Kalifikasyon Klinik Kontinye (pou Patisipan nan Egzonerasyon yo)	49	☐
B. Kalifikasyon Finansyè	51	☐
1. Kalifikasyon Finansyè Inisyal	51	☐
2. Kalifikasyon Finansyè Kontinye.....	52	☐
3. Tretman Revni Apre Kalifikasyon	53	☐
C. Anviwònman kote yo Kapab Bay Sèvis Egzonerasyon yo...	54	☐
1. Èd pou Lavi Endepandan	55	☐
2. Lojman an Gwoup.....	56	☐
3. Lojman Pataje.....	56	☐

	Seksyon revize
V. Pou Patisipan ki ap Viv nan Lojman an Gwoup Founisè yo ak Rezidans Lojman Pataje yo 57	☐
A. Lojman ak Repa57	☐
1. Patisipan ki ap Viv nan Lojman an Gwoup ak Lojman Pataje DDS bay Lisans yo..... 57	☐
2. Patisipan ki ap Viv nan Rezidans ki bay Èd pou Lavi Endepandan 59	☐
B. Kontra Rezidans 59	☐
C. Plan Sipò pou Konpòtman Pozitif 60	☐
D. Politik konsènan Alkòl ak Sibstans ki Ilegal61	☐
E. Politik sou Kesyon Fimen 62	☐
VI. Lòt Resous 63	☐
VII. Kontak Responsab Dosye/Kowòdonatè Sèvis la 64	☐
Paj siyati 65	☐

Entwodiksyon

Depatman Sèvis Devlopmantral la (Department of Developmental Services, DDS) ak MassAbility konprann moun renmen posibilite pou yo viv nan kominote a epi pou yo pwofite avantaj ki genyen lefètke yo se manm antye nan kominote a. Viv nan kominote a bay moun yo opòtinite pou yo patisipe nan yon pakèt aktivite ki disponib nan yon vil oswa yon zòn. Epitou, sa pèmèt yo kreye epi kenbe relasyon ki enpòtan avèk fanmi epi ak zanmi yo.

Antanke patisipan nan Egzonerasyon MassHealth la, ou gen aksè nan kèk sèvis ak sipò nan kad eksperyans lavi kominotè ou a. Yo ofri sèvis ak sipò sa yo nan kad de (2) pwogram Egzonerasyon MassHealth pou Domaj Serebral Devlope (Acquired Brain Injury, ABI) yo ak de (2) pwogram Egzonerasyon MassHealth pou Plan Moving Forward (Plan Vanse Devan, MFP) yo.

Bwochi sa a fèt pou ede w konprann sèvis ak sipò ki disponib pa mwayen kat (4) pwogram Egzonerasyon MassHealth sa yo, ansanm ak dwa chak patisipan nan pwogram sa yo genyen.

Nou te ajoute yon lis konsènan dwa sa yo, paske li enpòtan pou w konnen ki dwa yo ye. Lè w konprann dwa w genyen yo, sa ap ede w gen asirans ke yo respekte epi aplike dwa sa yo.

Gen yon seri responsablite ki mache ansanm ak dwa w genyen yo. Bwochi sa a kouvri

- dwa ak responsablite w genyen yo;
- pwosesis ak sèvis yo mete sou pye pou ede w epi pou sèvi w;
- kalifikasyon pou pwogram egzonerasyon yo; epi
- fason pou jere potansyèl pwoblèm ou kapab rankontre yo.

Nou ankouraje w itilize bwochi sa a kòm yon gid pou pwogram Egzonerasyon MassHealth yo, anplis nenpòt lòt materyèl ou kapab genyen. Kenbe bwochi sa a sou lamèn pandan tranzisyon pou w vin nan kominote a, epi itilize li kòm yon referans yonfwa ou konplètman enstale nan kominote w la.

Remak Enpòtan: Bwochi sa a la pou bay enfòmasyon sèlman.



“An reyalite, m kontan dèske m gen yon dezyèm chans pou m avanse nan lavi a kèlkeswa jan sa ye.”
Josh te planifye epi li te ale nan premye vakans li nan Pennsylvania poukont li nan mwa out. Li
chofe pou li pran plis vakans epi pou li reyalize plis objektif ki nan lis li a.

I. Dwa Patisipan yo

A. Dwa Moun ak Garanti

“**Dwa moun**” se libète ak dwa fondamantal tout moun genyen senpleman paske yo se moun. Yo pa negosyab epi yo aplike pou nenpòt moun kèlkeswa orijin oswa sitiyasyon moun nan. “**Garanti yo**” se yon seri mezi pwoteksyon ki la pou pwoteje dwa moun yo epi anpeche yo vyole dwa sa yo, lè yo bay asirans yo ap respekte epi defann dwa moun sa yo.

Antanke yon moun ki ap resevwa sèvis nan kad yon pwogram Egzonerasyon pou Domaj Serebral Devlope oswa Plan Moving Forward, ou gen sèten dwa ki dwe pwoteje. Epitou, ou gen responsablite ki lye ak resevwa sèvis nan pwogram sa yo. W ap jwenn enfòmasyon konsènan dwa ak responsablite w genyen yo anba a.

1. Prensip Jeneral yo

Dwa Ou Yo

Pwogram Egzonerasyon pou Domaj Serebral Devlope ak Plan Moving Forward la bay sèvis

- ki ankouraje diyite;
- yo bay ak respè pou ou antanke moun;
- ou chwazi oumenm (nan kad pwogram ou kalifye pou li a);
- ki pèmèt ou viv nan yon anviwònman ki mwens restriktif epi plis enklizif ke posib;
- ki pèmèt ou fè bonjan eksperyans lavi nan kominote a;
- ki ba w opòtinite pou patisipe nan yon seri aktivite chak moun dwe anmezi pou patisipe ladan yo;
- ki garanti vi prive w, sitou posibilite pou w gen espas prive pou w viv, dòmi, epi pran swen tèt ou;
- ki ba w opòtinite pou w chwazi epi pran desizyon ki enpòtan nan lavi w;
- ki pwoteje w kont neglijan, mal, ak abi (vèbal, fizik, emosyonèl, ak lòt), oswa kont aksyon ki fè w santi w an danje;
- ki soutni dwa w genyen pou gen aksè nan yon telefòn ak lòt aparèy pou w kominike ak lòt moun;

- ki soutni dwa w genyen pou voye epi resevwa lèt ak pake. Si yon founisè gen yon kle bwat lèt ou a, dwe gen yon akò konsènan moman li kapab itilize kle sa a;
- soutni dwa w genyen pou resevwa vizitè, sof si ou menm, ekip ou, ak responsab legal la dakò yon vizitè oswa yon manm fanmi pa dwe vini;
- soutni dwa w genyen pou yo pa fè foto w oswa pou yo pa pibliye non w, sof si ou menm oswa responsab legal ou a dakò pou sa;
- soutni dwa w genyen pou jwenn aliman. Ladan yo gen chwazi aliman ou vle manje, chwazi ki kote ak kilè pou w manje, epi chwazi ak ki moun ou vle pataje repa w yo. Si gen restriksyon pou rezon medikal oswa pou lòt rezon konsènan moman ak kisa w kapab manje oswa bwè, yo dwe ajoute bagay sa yo nan Plan Sèvis Endividyèl ou a (Individual Service Plan, ISP). Lè w fè chwa sa yo, manm pèsonèl founisè a kapab fè w sonje rezon ki fè lòt opsyon yo kapab amelyore sante ansanm ak byennèt ou;
- soutni dwa w genyen pou pwofite byen debaz yo tankou pwòp sa w posede ak yon kote pou w konsève yo, rad ak sèvis founisè w yo bay, yon fason pou w gen kontak sosyal epi pran plezi w;
- soutni dwa w genyen pou gen aksè nan swen sante;
- soutni dwa w genyen pou w ale lakay yon founisè swen sante lè w santi w pa byen;
- ede w ale kot yon founisè swen sante pou egzamen byennèt;
- ede w gen aksè nan sèvis paramedikal, sitou terapi fizik, ègoterapi, terapi lapawòl, ansanm ak lòt;
- soutni dwa w genyen pou patisipe nan aktivite kominote a; epi
- soutni dwa w genyen pou gen vi prive, ki gen ladan
 - mande moun ou santi w alèz avèk yo ede w pou kesyon swen pèsonèl ou, tankou pou ale nan twalèt oswa pou w abiye;
 - gen entimite nan pwòp chanm ou;
 - gen entimite lè fanmi ak zanmi w yo ap vizite w;
 - kapab rete poukont ou; epi
 - ede w eksprime dwa w genyen pou di “non” pou nenpòt sèvis la.

Yo dwe pale konsènan nenpòt limit ki gen nan dwa ki site anwo yo avèk ou epi yo dwe ekri yo nan ISP ou a.

Ou gen dwa pou w pa sibi okenn fòm abi, neglijans, oswa move tretman, san wete

- konpòtman ensiltan oswa dezoblijan;
- jouman;
- aksyon oswa deklarasyon vèbal nan objektif pou blese respè w gen pou tèt ou;
- pou lòt moun ankouraje yo maltrete w;
- transfere w nan yon pwogram diferan oswa menase pou transfere w nan yon pwogram diferan kòm pinisyon;
- kanpe nenpòt nan sèvis ou yo oswa menase pou kanpe nenpòt nan sèvis ou yo, si se nan entansyon pou bay pinisyon; epi
- nenpòt reprezay yo fè kont ou, si w rapòte yon fot pwofesyonèl founisè a swadizan fè oswa si li vyole règleman yo.

Responsablite w

Antanke yon patisipan nan pwogram Egzonerasyon ABI oswa MFP a, ou gen kèk responsablite. Yo atann pou w

- patisipe nan devlopman sèvis ou yo;
- suiv plan ou te aksepte yo;
- respekte dwa moun ki ap viv avèk ou yo, sitou
 - respekte byen lòt moun;
 - respekte vi prive lòt moun;
 - rezoud pwoblèm nan kay la avèk moun ki ap viv avèk ou yo, konsènan vizitè, bri yo, ak travay nan kay la;
 - ede nan etabli epi kenbe kalifikasyon w pou egzonerasyon an; epi
 - peye lojman ak repa oswa peye lwaye w atan, yon fason pou w konsève rezidans ou a nan kominote a.

2. Konsantman Enfòmè

Ou menm, responsab legal ou a, epi/oswa reprezantan legal la gen dwa pou jwenn enfòmasyon konsènan sipò, sèvis, ak referans yo. Se sa yo rele “**konsantman enfòmè**”. Sa pwoteje w lè li gen asirans ou konn ki kalite sipò oswa sèvis li ye, epi kisa sa vle di pou ou.

Pa egzanp, li obligatwa pou w bay yon konsantman enfòmè anvan w resevwa yon tretman medikal oswa lòt tretman, anvan w kòmanse yon Plan Sipò pou Konpòtman Pozitif, oswa anvan w bay otorizasyon pou yo pibliye enfòmasyon pèsònèl ou yo.

Lè li nesesè pou w bay yon konsantman enfòmè, ou dwe resevwa enfòmasyon ki klè epi konpreyansib konsènan sa w ap bay konsantman pou li a. Nan enfòmasyon sa a, dwe gen

- sa ki ap rive si w aksepte, ak yon eksplikasyon sou rezilta yo swete a;
- yon deskripsyon sou nenpòt pwosedi ki enplike nan tretman oswa aktivite yo pwopoze a;
- risk ak avantaj ki genyen lè w dakò oswa lè w pa dakò;



Kevin ap patisipe nan yon aktivite kizin grasa yon rap pou fwomaj ki adapte, avèk sipò Patrick, yon manm nan pèsònèl la. Foto a montre jan Kevin konsantre ak efò li ap fè pandan li ap prepare engredyan yo, ansanm ak travay ekip epi ankourajman manm pèsònèl la ba li. Aktivite a met aksan sou endepandans, devlope konpetans, ak enklizyon nan kad kizin.

- gen lòt opsyon ki disponib pou ou;
- konfimasyon ki montre w kapab deside chanje lide nenpòt lè epi w pa resevwa pinisyon pou sa; epi
- asirans ou kapab poze nenpòt kesyon ou genyen.

Konsantman ki enfòmè a dwe fèt alekri epi yo dwe mete li nan dosye w la. Konsantman enfòmè a dwe gen dat, epi li ap rete valid pandan tout tan ki endike sou fòm konsantman an.

B. Règ konsènan Sèvis Adomisil ak Sèvis Kominotè (Règ Kominotè)

Règ Kominotè a egzije pou anplasman kote yo ap bay sèvis adomisil ak sèvis nan kominote a (ki rele “anviwònman”), respekte kèk kalifikasyon. Selon règ sa a, tout paramèt yo dwe

- fè pati kominote a nan sans laj epi soutni aksè konplè nan lavi nan kominote a;
- chwazi pa moun nan pami yon pakèt opsyon ki disponib;
- respekte vi prive, diyite, ak libète chak moun, kont presyon ak kontrent;
- soutni endepandans ak kapasite chak moun genyen pou chwazi pwòp fason pou li viv; epi
- ofri yon chwa ki enpòtan anpil nan kesyon sèvis epi konsènan ki moun ki ap bay sèvis sa yo.

Gen kèk lòt egzijans konsènan anplasman sèvis kote moun yo ap viv yo, epi se yon founisè sèvis ki posede oswa opere yo. Nan kay sa yo, moun yo dwe

- gen yon kontra lwaye oswa lòt akò legal ki pwoteje dwa yo genyen antanke lokatè;
- gen entimite nan pwòp espas kote yo ap viv la, sitou grasa pòt ki kapab fèmen ak kle, chwa kolokatè, ansanm ak libète pou meble oswa dekore espas la;
- kapab kontwole pwòp orè yo chak jou, san wete aksè nan aliman lè yo vle;
- kapab resevwa vizitè nenpòt lè; epi
- kapab viv nan lojman ki aksesib nan domèn fizik.

Si yo dwe ajiste nenpòt nan egzijans sa yo nan yon anplasman sèvis ki pou yon founisè, chanjman an dwe baze sou bezwen byen presi moun nan genyen an, epi li dwe ekri byen klè nan plan sèvis ki santre sou moun nan. Nou dekri egzijans sa yo nan tout bwochi sa a.

Pou plis enfòmasyon, ale sou www.mass.gov/HCBSCCommunityRule.



Destiny ap pwofite moman li ap pase ak patnè li a ak ti chyen li an.

C. Planifikasyon ki Santre sou Moun ak Plan Swen an

Pwosesis **planifikasyon ki santre sou moun** nan se yon apwòch kolaborativ ki priorize objektif ou yo, pwèn fò w yo, ak preferans ou yo, yon fason pou kreye yon plan ki soutni vizyon inik ou genyen pou yon lavi ki akonpli. Ou jwe yon wòl santral nan pwosesis sa a, lè w ede nan detèmine sèvis ak sipò ki nesesè pou w fè tranzisyon soti nan yon etablisman pou vin nan kominote a, ansanm ak sèvis ak sipò w ap kontinye resevwa lè w al viv nan kominote a.

1. Pwosesis Planifikasyon ki Santre sou Moun

Prensip pou Planifikasyon ki Santre sou Moun nan

Pwosesis planifikasyon ki santre sou moun nan suiv yon seri prensip enpòtan, tankou gen

- yon ekip planifikasyon, ou menm ak responsab dosye w la oswa kowòdonatè sèvis la ap dirije, ansanm ak responsab legal ou a, reprezantan legal la, founisè sèvis egzonerasyon ki konsène yo, ak nenpòt lòt moun ou chwazi;
- enfòmasyon ak sipò pou pèmèt ou dirije pwosesis la nan tout mezi sa posib, epi pou w jwenn èd pou fè chwa epi pran desizyon ki reflechi;
- omwen yon reyinyon chak ane, avèk evalyasyon chak trimès, ki pwograme nan dat ak anplasman ki bon pou ou;
- bagay ki enpòtan pou ou menm, pou fanmi w, epi pou kominote a;
- enfòmasyon ki klè epi moun kapab konprann, ki gen ladan sèvis entèprèt, si sa nesesè;
- estrateji pou jere konfli oswa dezakò yo, ansanm ak direktiv byen klè konsènan konfli enterè yo;
- chwa ak enfòmasyon konsènan tout sèvis ak founisè ki disponib yo;
- enfòmasyon sou fason ou kapab mande fè mizajou nan plan an si sa nesesè; epi
- dokiman sou diferan anviwònman familyal ak kominotè ou te pale sou yo avèk responsab dosye w la oswa kowòdonatè sèvis ou a.

Pwosesis Planifikasyon ki Santre sou Moun

Gen twa (3) pati enpòtan nan pwosesis planifikasyon ki santre sou moun nan.

- Plan Tranzisyon
- Plan Sèvis Endividyèl (Individual Service Plan, ISP)
- Plan Swen (Plan of Care, POC)

Plan Tranzisyon

Pandan faz Plan Tranzisyon an, ou menm (ak lòt moun ou kapab vle enplike yo, tankou responsab legal ou a, reprezantan legal ki otorize a, manm fanmi w, oswa lòt moun) ap kòmanse pale sou sèvis ak èd ou kapab vle jwenn oswa ou kapab bezwen nan kominote a. **Plan Tranzisyon** an la pou objektif planifikasyon epi yo etabli li pandan youn oswa plizyè reyinyon, byen souvan, lontan anvan yo ba w egzeryat pou kite etablisman an.

Plan Sèvis Endividyèl (Individual Service Plan, ISP)

Nan **ISP** ou a, w ap fikse objektif pou w viv nan kominote a epi w ap chwazi ki sipò ou bezwen pou w rive atenn objektif ou yo.

Pandan kreyasyon ISP a, w ap eksplòre diferan aspè konsènan lavi nan kominote a, w ap egzamine potansyèl risk yo ak mwayen pou jere yo, epi w ap gen pou chwazi konsènan jesyon sèvis ak sipò w yo. An jeneral, yo devlope ISP a anvan w kite etablisman an. Founisè sèvis yo kapab enplike nan devlopman ISP a.

Plan Swen (Plan of Care, POC)

Nan **POC** ou a, ou menm ak responsab dosye oswa kowòdonatè sèvis ou a ap travay ansanm pou devlope yon seri objektif akoutèm ak sèvis ki lye yo, pou ede w atenn objektif ki fikse nan pwosesis ISP a.

Si gen plizyè founisè ki ap bay yon sèvis, w ap gen opòtinite pou chwazi founisè ak orè ou prefere a.

2. Egzijans konsènan Plan ki Santre sou Moun nan

Nan **plan ki santre sou moun (Person-Centered Plan, PCP)** ou an, gen de (2) dokiman, ISP ak POC a, kote toulede reflete chwa w genyen nan kesyon kondisyon lavi, sèvis, ak objektif yo. Yo kapab itilize evalyasyon klinik yo pou detèmine sèvis ak sipò ki nesèsè yo. Yo ajoute plan pou diminye risk yo nan dokiman sa yo lè yo idantifye faktè risk yo nan kad pwosesis planifikasyon ki santre sou moun nan.

PCP a dwe

- montre ou te chwazi mòd lavi w genyen an. Anviwònman an dwe bay yon aksè konplè nan kominote a, epi ladan, dwe gen posibilite pou chèche yon travay epi pou travay nan yon seri anviwònman entegre epi konpetitif, pou patisipe nan lavi nan kominote a, kontwole resous pèsonèl yo, epi gen aksè ak resevwa menm sèvis nan kominote a tankou moun ki p ap resevwa sèvis nan pwogram egzonerasyon kominotè a;
- reflete pwèn fò ak preferans ou yo, ansanm ak bezwen yo idantifye pou ou yo, sou baz evalyasyon yo;
- san wete yon seri objektif byen presi ak rezilta ou vle yo;
- dekri sèvis ak sipò (alafwa ki peye oswa ki pa peye) ki ap ede w rive atenn objektif ou yo;
- dekri founisè ki bay sèvis ak sipò sa yo, san wete sipò natirèl yo (èd volontè, ki pa peye);
- ekri nenpòt restriksyon konsènan dwa w genyen yo (san wete dwa pou vi prive ak libète pou kontwole pwòp pwogram ou, aktivite, aksè nan aliman, ak vizitè w yo) nan etablisman ki pou founisè yo oswa founisè yo ap kontwole yo, jistifye grasa yon bezwen evalyasyon byen presi, yo te pale avèk ou, epi ki jistifye nan POC a;
- detaye nenpòt entèvansyon pozitif ak posibilite ki mwens entrizif yo te konsidere anvan yo modifiye PCP a. PCP a dwe ekri efikasite entèvansyon an, delè pou evalyasyon peryodik yo, konsantman eklere ou bay la, epi li dwe bay asirans entèvansyon an p ap lakoz domaj;
- ekri nan yon langaj senp epi ki fasil pou ou menm ak moun ki ap soutni w yo konprann;
- idantifye ki moun ki responsab pou siveye PCP a;

- siyen pa ou menm oswa reprezantan legal ou a. Founisè ki gen responsablite pou mete PCP a sou pye yo, dwe siyen PCP a tou. PCP a ap antre an vigè lè yo siyen li.
- distribye bay ou menm ak lòt moun ki enplike nan PCP ou a;
- gen asirans sèvis yo nesèsè epi yo apwopriye; epi
- gen ladan sèvis ou chwazi pou jere poukont ou. Si w ap jere yon sèvis poukont ou, ou gen responsablite pou fè rekritman, anbochaj, planifye orè, bay fòmasyon, epi si sa nesèsè, revoke travayè swen dirèk ou a (yo). Yo dekri travay sa yo ki lye ak patwon an nan Akò Patisipan nan Egzonasyon an.

3. Modifikasyon nan Plan ki Santre sou Moun nan

W ap egzamine ISP ak POC ou a avèk responsab dosye oswa kowòdonatè sèvis ou a pou asire w yo refilete objektif ou yo, bezwen w yo, ak sipò ki nesèsè pou w atenn objektif ou yo, yon fason ki egzak.

Yo ap fè revizyon sa a yon fwa chak ane epi chak fwa li nesèsè pou fè yon chanjman. Yon chanjman nan sèvis yo kapab fèt akòz yon chanjman nan objektif oswa bezwen w genyen pou jwenn sipò, oswa sa kapab fèt akòz eksperyans ou nan kominote a oswa akòz nenpòt evalyasyon klinik.

Ou menm oswa reprezantan legal ou a ap egzamine epi siyen dokiman an lè yo devlope ISP a ak POC a, epi nenpòt lè yo fè yon modifikasyon nan plan an. Yon POC ki siyen pèmèt yo bay sèvis yo. Chak fwa yo ap finalize ISP oswa POC ou a, mete yo ajou, oswa modifiye yo, w ap resevwa enfòmasyon sou pwosesis apèl MassHealth la, san wete fòm pou mande yon odyans san patipri nan MassHealth.

Ou kapab pale konsènan sa w swete ak sa w bezwen pou sèvis ak sipò w yo nenpòt lè ak responsab dosye oswa kowòdonatè sèvis ou a.



Heather ap pwofite jou dimanch li nan Dr. Seuss Museum ki nan Springfield, Massachusetts. Foto sa a met aksan sou yon moman eksplorasyon atravè yon seri ekspozisyon an koulè epi entèraktiv ki enspire nan istwa entanporèl Dr. Seuss yo.

4. Apèl

Ou kapab fè apèl kont desizyon, aksyon, oswa inaksyon konsènan POC ou a.

Sa w Kapab fè Apèl pou yo

Ou kapab fè apèl si responsab dosye oswa kowòdonatè sèvis ou a

- refize demann sèvis ou a;
- pa pran mezi konsènan demann sèvis la nan espas 30 jou apre yo fin resevwa li;
- anpeche w chwazi yon founisè ki disponib pou ba w sèvis ou bezwen yo;
- diminye sèvis ki fè pati POC ou a;
- modifiye sèvis ki fè pati POC ou a;
- sispann sèvis ki fè pati POC ou a; oswa
- kanpe sèvis ki fè pati POC ou a.

Sa se yon lis pasyèl—gen lòt rezon ki kapab pouse w fè apèl. Pou jwenn yon lis konplè, gade règ odyans san patipri a nan 130 CMR 610.032: *Motif pou fè Apèl*, ansanm ak 130 CMR 630.409(C): *Avi pou Refi oswa Modifikasyon ak Dwa pou fè Apèl*.

Avi sou Aksyon ak Dwa Konsènan Apèl yo

Si w deja enskri nan pwogram egzonerasyon an epi kowòdonatè sèvis oswa responsab dosye w la pran yon desizyon konsènan sèvis ou yo, kowòdonatè sèvis oswa responsab dosye w la ap eksplike w rezon ki fè yo pran mezi sa a epi kisa pou w fè si w pa dakò ak desizyon oswa POC a.

Anplis eksplikasyon sa a, w ap resevwa yon Avi sou Aksyon alekri ki ap eksplike w rezon ki fè yo pran mezi sa a, ansanm ak yon fòm ki dekri pwosesis apèl yo epi ki bay enstriksyon sou fason pou w fè yon apèl. Avi sou Aksyon an bay enfòmasyon konsènan dwa w genyen pou fè apèl kont yon mezi yo pran oswa yo pa pran, ou pa aksepte. Si w pa konprann avi a oswa dwa w genyen pou w fè apèl la, mande kowòdonatè sèvis oswa responsab dosye w la pou asistans.

Pwosesis Odyans san Patipri an

Yon odyans san patipri se yon revizyon konsènan yon desizyon kote yon moun ki ap pran desizyon san patipri kapab fè apèl kont li. Pou mande yon odyans san patipri, respektè delè ki nan Avi sou Aksyon ou an. Odyans yo kapab fèt an pèsòn oswa nan telefòn, epi se yon responsab odyans net ki ap jere yo. Responsab odyans lan ap egzamine tout enfòmasyon yo ak lwa a, pou detèmine si aksyon oswa inaksyon ki siseptib pou apèl la te kòrèk. Si apèl ou a konsène rediksyon, sispansyon, finalizasyon, oswa restriksyon sèvis yo, sèvis ou yo ap kontinye jiskaske ofisye odyans lan pran yon desizyon konsènan apèl ou a.

Yonfwa odyans san patipri a fini, yo ap voye yon desizyon alekri ba ou. Si yo pran desizyon an favè w, yo ap apwouve reklamasyon oswa deman ou an. Si li pa an favè w, yo ap aplike mezi ou te fè apèl kont li a.

Lòt Apèl

Si yo rejte reklamasyon oswa demann ou an pandan odyans san patipri a, ou kapab fè lòt apèl devan yon tribinal, kote yon jij ap egzamine desizyon yo te pran nan odyans san patipri a. Pafwa, yo rele pwosesis apèl sa a yon “apèl Chapit 30A”, dapre Chapit 30A Lwa Jeneral nan Massachusetts la.

D. Plent, Ensidan, ansanm ak Pwosesis pou fè Ankèt yo

Chak moun ki enplike nan ba w swen yo vle gen asirans ou satisfè ak sèvis yo ba w yo. Si w pa satisfè, ou kapab anmezi pou rezoud pwoblèm nan yon fason enfòmèl, lè w pale ak lòt moun ki kapab ede w jwenn yon solisyon. Si sa pa posib, gen plizyè lòt fason pou fè konnen enkyetid ou genyen yo, tankou yon pwosesis ankèt fòmèl.

1. Pwosesis Plent

Ou gen dwa pou depoze yon plent konsènan nenpòt aspè nan pwogram oswa sèvis egzonerasyon ou yo. Ou menm, yon manm fanmi w, yon responsab legal, oswa yon reprezantan legal kapab depoze yon plent.

Pwosesis plent lan varye selon kalite enkyetid la. Anba a, w ap jwenn etap pou w suiv pou depoze yon plent nan diferan sitiyasyon.

Plent konsènan Founisè Sèvis ou yo

Ou gen dwa pou chwazi yon founisè ki disponib pou sèvis ki site nan POC ou a. Si w gen enkyetid konsènan yon founisè sèvis oswa konsènan nenpòt aspè nan sèvis w ap resevwa nan men founisè a, ou dwe depoze yon plent pou founisè sèvis la. Chak founisè sèvis dwe met sou pye yon pwosesis fòmèl pou trete plent yo.

Anvan w depoze yon plent fòmèl pou founisè a, ou menm ak founisè w la kapab eseye pale konsènan enkyetid ou yo epi jwenn yon solisyon. Si w deside depoze yon plent fòmèl, founisè a dwe egzamine plent lan epi ba w yon repons alekri nan espas 30 jou.

Si w bezwen èd, ou kapab kontakte

- responsab dosye MassAbility ou a oswa nenpòt manm pèsònèl MassAbility; oswa
- kowòdonatè sèvis ou a nan Depatman Sèvis Devlopmantral la (Department of Developmental Services, DDS) oswa nenpòt manm pèsònèl DDS.

Plent konsènan MassAbility oswa Manm Pèsonèl DDS yo

Si w gen yon plent konsènan manm pèsonèl MassAbility yo, ou kapab

- pale ak responsab dosye w la oswa mande èd pou w kontakte sipèvizè manm pèsonèl la; oswa
- rele (857) 919-7351 (itilize nimewo sa a si plent ou an se konsènan responsab dosye w la).

Si w gen yon plent konsènan manm pèsonèl DDS yo, ou kapab

- pale ak kowòdonatè sèvis ou a oswa mande èd pou w kontakte sipèvizè manm pèsonèl la; oswa
- rele (617) 821-1677 (itilize nimewo sa a si plent ou an se konsènan kowòdonatè sèvis ou a).
- Si w pa satisfè ak responsab dosye oswa kowòdonatè sèvis ou a, ou kapab gen opsyon pou mande yon lòt.

Plent konsènan Sèvis ou yo

Ou devlope yon ISP antanke yon patisipan nan egzonerasyon. Pou plis enfòmasyon, gade seksyon PCP ki nan bwochi sa a. ISP a defini vizyon ansanm ak objektif ou genyen pou eksperyans lavi nan kominote w la. Pou atenn objektif ou yo, ou menm ak ekip ISP ou a ap pran desizyon konsènan sèvis w ap bezwen ansanm ak sa MassHealth ap peye nan kad pwogram egzonerasyon w lan.

Si w gen enkyetid konsènan nenpòt pati nan ISP oswa sèvis ou yo, ou kapab anmezi pou rezoud yo lè w pale ak responsab dosye oswa kowòdonatè sèvis ou a.

Si konvèsasyon ak kowòdonatè sèvis oswa responsab dosye w la pa reyisi epi w gen yon enkyetid oswa plent ki pa rezoud konsènan sèvis ou yo oswa devlopman ISP ou a, ou kapab mande pou se youn nan responsab ki nan ajans Eta a epi ki ap jere egzonerasyon w lan, ki egzamine plent ou an.

Ni DDS ni MassAbility gen yon pwosesis pou depoze plent, ki rele **Konferans Enfòmèl**, epi ki se yon reyinyon yo fè pou pale konsènan enkyetid oswa plent ou an.

Pami kèk kesyon ou kapab sòlve pandan reyinyon pou Konferans Enfòmèl la, gen si wi oswa non

- evalyasyon w lan te bay ase enfòmasyon pou yo devlope yon ISP ki apwopriye pou ou;
- objektif ki nan ISP ou a ankouraje rezilta nan ISP ou a;
- sèvis ak sipò ki nan ISP ou a mwens restriktif posib, epi yo adapte ak reyalizasyon objektif ou yo;
- yon modifikasyon nan ISP ou a nesesè sou baz yon bezwen yo te evalye;
- rekòmandasyon ekip ISP ou a konsènan kapasite w genyen pou pran desizyon pèsònèl ak finansye a an konfòmite ak prèv ki disponib yo;
- yo te devlope, revize, oswa modifiye ISP ou a yon fason apwopriye; oswa
- yo mete ISP ou a sou pye jan yo te prevwa a.
- Pou mande yon Konferans Enfòmèl, ou dwe voye yon demann alekri bay ajans ki apwopriye a.
- Pou Egzonerasyon ki gen rapò ak Domaj Serebral Devlope–Adaptasyon Rezidansyèl (Acquired Brain Injury–Residential Habilitation, ABI-RH) oswa Plan Moving Forward–Sipò Rezidansyèl (Moving Forward Plan–Residential Supports, MFP-RS), ou dwe kontakte Kowòdonatè Pwogram Rejyonal DDS la, alekri. Kowòdonatè sèvis ou a kapab ba w adrès pou lèt la.
- Pou Egzonerasyon ki gen rapò ak Domaj Serebral Devlope–Adaptasyon ki pa Rezidansyèl (Acquired Brain Injury– Non-Residential Habilitation, ABI-N) oswa Plan Moving Forward–Lavi Kominotè (Moving Forward Plan–Community Living, MFP-CL), ou dwe kontakte Sipèvizè Egzonerasyon Rejyonal MassAbility a, alekri. Responsab dosye w la kapab ba w adrès pou lèt la.

Byen souvan, pwosesis plent pou Konferans Enfòmèl la se mwayen senp epi efikas pou rezoud pwoblèm yo. Sepandan, se pa menm bagay ak yon apèl fòmèl.

Si yo refize ba w yon sèvis, oswa yo chanje oswa kanpe yon sèvis w ap resevwa, ou kapab mande yon apèl fòmèl lè w ranpli yon Fòm pou Demann Odyans san Patipri nan MassHealth. Ou pa bezwen pase nan pwosesis plent lan anvan w depoze yon apèl. Pou plis enfòmasyon, gade seksyon Apèl ki nan bwochi sa a.

Anvan w depoze yon apèl pou odyans san patipri, ou kapab vle pale ak responsab dosye oswa kowòdonatè sèvis ou a sou enkyetid ou yo epi si gen lòt opsyon sèvis ki disponib pou konble bezwen w yo.



Michele, ap souri pandan li ap pwofite yon moman agreyab avèk Madmwazèl Clio, pandan yon jwèt volebòl an sal ak balon.

Plent konsènan Abi, Neglijans, ak Move Tretman

Ou gen dwa pou w pa sibi okenn abi, neglijans, ak move tretman. Si w panse w te viktim abi, neglijans, oswa move tretman nan men nenpòt moun ki ap ba w sèvis oswa sipò, fè ajans ki apwopriye a konn sa san pèdi tan, selon laj ou.

- Komisyon Pwoteksyon Moun ki gen Andikap yo (Disabled Persons Protection Commission, DPPC) nan (800) 426-9009, TTY (888) 822-0350 (**pou moun ki gen 18 – 59 lane**)
- Liy Dirèk pou Abi sou Granmoun Aje (Sèvis Pwoteksyon Granmoun) nan (800) 922-2275 (**pou moun ki gen 60 lane oswa plis**)

Ou kapab pale ak yon moun ou fè konfyans anvan w depoze yon plent fòmèl. Sepandan, si w pataje enfòmasyon bay yon founisè sèvis, li kapab gen obligasyon selon lalwa pou rapòte sa – menmsi w pa vle li fè sa. Pou plis enfòmasyon, ale nan seksyon Ankèt sou Abi, Neglijans, ak Move Tretman ki nan bwochi sa a.

Ou gen dwa pou rapòte enfòmasyon yo yon fason anonim. DDPC oswa Sèvis Pwoteksyon Granmoun nan ap deside si rapò a ranpli kritè pou yon ankèt.

Pou Sèvis Pwoteksyon Granmoun yo, yonfwa yo resevwa yon rapò, se ajans lokal pou Sèvis Pwoteksyon Granmoun nan ki ap egzamine li.

DPPC ap egzamine enfòmasyon ou bay yo epi li ap deside si li dwe fè ankèt oswa asiyen ankèt la bay MassAbility, DDS, oswa Biwo Egzekitif Zafè Grandèt ak Moun ki Endepandan (AGE). Nan kèk ka, yon Ajans Lapolis Eta a ki asiyen nan DPPC a kapab egzamine rapò a epi mennen ankèt kòmsadwa.

Si w ap fè fas ak risk oswa w an danje, founisè sèvis la dwe pran yon seri mezi san pèdi tan pou pwoteje w, tankou

- itilize yon mwayen transpò diferan pou w fè ale retou nan aktivite yo, si ta sanble founisè transpò w la kapab mete w an danje;
- mete sou pye lòt aktivite pandan jounen an si ta sanble founisè pwogram lajounen w lan pa kapab bay garanti ou p ap viktim abi oswa neglijans; epi
- sispann yon anplwaye nan sèvis founisè a yon fason tanporè, si yo sispèk li fè abi oswa neglijans, jiskaske ankèt la fini.

2. Ankèt konsènan Abi, Neglijans, ak Move Tretman

- Ou gen dwa pou w pa sibi okenn abi, neglijans, ak move tretman. Ladan gen abi fizik, abi sikolojik, abi seksyèl, eksplwatasyon finansye, ak lòt aksyon oswa lè yo pa fè okenn aksyon, tankou lefètke yo pa ba w sipò oswa sipèvizyon ou bezwen yo. Nenpòt ka ou rapòte kote w sispèk gen abi oswa neglijans, kapab mennen nan ankèt.
- Manm pèsonèl la dwe voye rapò bay DPPC oswa bay Sèvis Pwoteksyon Granmoun nan, si yo panse ou menm oswa lòt moun kapab te viktim abi oswa neglijans oswa move tretman, menmsi w pa vle yo fè rapò a. Moun oswa ajans ki ap ba w sipò yo gen obligasyon pou rapòte ka abi, neglijans, oswa move tretman yo bay DPPC oswa bay Sèvis Pwoteksyon Granmoun nan, si moun nan gen rezon pou kwè ou te viktim abi oswa neglijans oswa move tretman. Ou menm oswa yon manm fanmi w kapab voye rapò bay DPPC oswa Sèvis Pwoteksyon Granmoun nan, si w panse w te viktim abi oswa neglijans oswa move tretman.
- Si w rapòte yon ka abi, neglijans, oswa move tretman dirèkteman bay DPPC a oswa bay Sèvis Pwoteksyon Granmoun nan, ou kapab mande enfòmasyon sou estati plent ou an. Sepandan, si w te depoze plent ou an yon fason ki anonim, DPPC oswa Sèvis Pwoteksyon Granmoun nan p ap anmezi pou ba w okenn enfòmasyon sou etati plent ou an.
- Founisè ak manm pèsonèl yo dwe rapòte san pèdi tan nenpòt ka abi, neglijans, oswa move tretman sou fòm vèbal, epi ekri ensidan an nan espas de (2) jou. Founisè yo pa gen responsablite pou fè ankèt.
- Se DDS, MassAbility, DPPC, AGE, oswa yon konbinezon ant ajans sa yo ki ap mennen ankèt yo. Manm pèsonèl la dwe kowopere konplètman ak DPPC oswa lòt anketè ki soti nan DDS, MassAbility, oswa AGE. Nan kèk ka, li kapab nesesè pou enplike lapolis.
- Ou menm ak responsab legal ou a oswa reprezantan legal ki otorize a ap jwenn enfòmasyon konsènan responsablite founisè a genyen pou rapòte ka abi, neglijans, oswa move tretman. Piske founisè a gen obligasyon pou fè rapò sa a, kapab gen limit nan sa ki konfidansyèl ant ou menm ak founisè a.
- Ou menm ak responsab legal ou a oswa reprezantan legal ki otorize a ap resevwa yon depliyon oswa yon bwochi ki gen nimewo telefòn pou DPPC ak Liy Dirèk Sèvis Pwoteksyon Granmoun lan nan men responsab dosye MassAbility a oswa Founisè Rezidansyèl DDS la. Epitou, yo dwe afiche nimewo sa yo nan zòn komen ki nan nenpòt kay ki pou yon founisè oswa yon founisè ap jere.

3. Rapòte Ensidan

Kapab gen ensidan ki rive pandan w ap resevwa sèvis egzonerasyon yo. Se kapab yon vizit nan sal dijans oswa yon konfli ant ou menm ansanm ak yon lòt moun.

Si vin gen yon ensidan, li enpòtan pou DDS, MassAbility, ak founisè w yo idantifye epi rapòte ensidan sa yo, epi pou yo pran mezi ki apwopriye.

Lè yo rapòte yon ensidan, DDS oswa MassAbility egzamine sa ki te pase a epi yo kapab mande founisè a bay plis enfòmasyon. DDS oswa MassAbility ap egzamine rapò ensidan an yon fason pou gen asirans founisè a te pran mezi ki apwopriye pou anpeche ensidan an rive ankò. Epitou, DDS oswa MassAbility kapab egzamine rapò yo tank tan ap pase pou wè si gen yon tandans nan ensidan yo, yon fason pou ou menm ak ekip ou a kapab jwenn solisyon ansanm epi garanti w ap an sekirite.



Dan fyè pou li pwofite libète li genyen an pandan li an sekirite nan kominote a. Yo kapab wè li ap souri, li ap itilize bisiklèt ki adapte li a pou li al peche pwason, ale fè acha nan zòn nan, oswa annik ap pran yon ti frechè.

II. Prensip pou Patisiye nan Sèvis Egzonerasyon yo

Prensip konsènan Patisiyasyon nan Sèvis Egzonerasyon yo se yon pakèt prensip ak valè tout moun ki ap resevwa epi ki ap bay sèvis egzonerasyon yo, ap fè efò pou respekte epi pou soutni.

Li enpòtan pou respekte lòt moun, kèlkeswa ras yo, relijyon yo, kilti yo, idantite yo, ak koulè po yo. Tankou moun ki gen tout kapasite yo enpòtan. Diferans yo gen valè. Anplwaye ki nan Biwo Egzekitif pou Sèvis Sante Ak Sèvis Sosyal epi ajans kote yo ap travay yo pa gen otorizasyon pou fè diskriminasyon ki baze sou ras, sèks, jan, kapasite, oswa kote moun soti, pami lòt karakteristik yo.

A. Prensip Direktiv

Prensip direktiv ki vin apre yo aplike pou chak moun ki ap resevwa sèvis oswa ki ap bay sèvis nan yon pwogram Egzonerasyon MassHealth.

- Li pa JANM akseptab pou rabese oswa denigre yon moun ki ap resevwa sèvis nan pwogram Egzonerasyon MassHealth la pou okenn rezon, sitou akòz ras, kapasite, kilti, idantite, oswa estati finansye li.
- Li pa JANM akseptab pou rabese oswa denigre yon moun ki ap bay sèvis nan kad pwogram Egzonerasyon MassHealth la pou okenn rezon, sitou akòz ras, kapasite, kilti, idantite, oswa estati finansye li.
- Li pa JANM akseptab pou itilize mo rayisman, rasis, seksis, oswa mo ki oprime oswa ensilte yon lòt moun, nan okenn fason.

Responsab dosye/kowòdonatè sèvis egzonerasyon w lan ap ede w chwazi ki sèvis ou bezwen. Se yon seri moun ki byen fòme epi ki gen konpetans nesesè pou ede w, ki ap bay sèvis sa yo. Yo kapab gen oswa kapab pa gen menm sèks, ras, oswa kilti avèk ou. Moun ki ap resevwa sèvis egzonerasyon yo ak moun ki ap bay sèvis egzonerasyon yo soti nan plizyè kilti ak anviwònman ki diferan.

B. Dwa ak Responsablite

Lè w dakò pou resevwa sèvis egzonerasyon yo, sa vle di ou konprann dwa ak responsablite ki vin apre yo, epi moun ki ap resevwa sèvis egzonerasyon ak moun ki ap bay sèvis egzonerasyon yo genyen. Tanpri, li enfòmasyon sa yo epi pale sou yo avèk responsab dosye/kowòdonatè sèvis egzonerasyon w lan.

- Mwen gen responsablite pou mete moun ki ap soutni m pou bezwen mwen yo okouran. Si moun ki ap ban m sèvis yo pa konn kisa mwen bezwen, li p ap anmezi pou ban mwen sipò mwen bezwen yo.
- Mwen gen dwa pou m pa sibi diskriminasyon akòz ras, sèks, jan, kapasite, idantite, oswa kote m soti. Mwen atann pou manm pèsònèl ki ap ede m nan trete m ak respè. Si mwen panse yon moun pa t trete mwen byen, mwen dwe fè yon lòt moun nan pwogram nan konn sa.
- Menm jan mwen merite pou yo trete m avèk respè, mwen ap trete manm pèsònèl ki ap ede mwen an avèk respè.
- Sa vle di sa manm pèsònèl la di m yo ak sa mwen di manm pèsònèl la dwe demontre respè. Okenn moun pa dwe itilize langaj mekan, blesan, oswa rasis.
- Sa vle di fason manm pèsònèl la trete m ak fason mwen trete manm pèsònèl la dwe demontre respè, epi sa dwe fèt san mekanste, blesi, oswa san rasis.

Li pa legal pou ajans ki ap ban m sèvis yo refize anboche manm pèsònèl akòz ras yo, sèks yo, kapasite yo, oswa kote yo soti. Yo atann pou ajans sa yo anboche manm pèsònèl ki kalifye epi ki divèsifye.

- Se chwa mwen pou m resevwa sèvis Egzonerasyon MassHealth yo. Pwogram Egzonerasyon MassHealth la ap mete m an kontak ak yon manm pèsònèl kalifye epi divèsifye, ki kapab bay sèvis mwen bezwen yo. Mwen dakò pou m travay ak yon manm pèsònèl divèsifye ki kapab bay sèvis mwen yo, epi pou m pa fè diskriminasyon kont yo. Mwen kapab eksprime yon chwa konsènan manm pèsònèl ki ap pran swen m nan, men, mwen dwe aksepte epi kolabore ak yon manm pèsònèl konpetan, ki divèsifye, epi ki ap soutni mwen nan kad sèvis egzonerasyon yo.
- Mwen ap deside ki èd mwen vle epi ki èd mwen pa vle. Mwen kapab refize aksepte jwenn sèvis oswa sipò nan men yon manm pèsònèl byen presi nan ajans ki bay sèvis nan zòn mwen an. Si mwen refize sèvis yo oswa manm pèsònèl la, mwen kapab pa anmezi pou resevwa èd mwen bezwen pou m rete an sekirite epi an sante nan kominote a.
- Mwen dwe toujou rapòte nenpòt abi, neglijan, oswa move tretman. Mwen kapab kontakte Komisyon Pwoteksyon Moun ki gen Andikap yo nan (800) 426-9009, TTY (888) 822-0350 nenpòt lè pou rapòte enkyetid mwen yo.

Mwen ap travay ak responsab dosye/kowòdonatè sèvis mwen an epi ak manm pèsònèl la pou tabli yon seri relasyon ki baze sou respè ak akseptasyon youn lòt.

III. Definisyon Sèvis

Sèvis nou dekri nan seksyon sa a se sèvis yo ofri nan kad pwogram Egzonerasyon pou Sèvis Adomisil ak Sèvis Kominotè ki vin apre yo:

- Domaj Serebral Devlope–Adaptasyon ki pa Rezidansyèl (ABI-N)
- Domaj Serebral Devlope–Adaptasyon Rezidansyèl (ABI-RH)
- Plan Moving Forward–Lavi Kominotè (MFP-CL)
- Plan Moving Forward–Sipò Rezidansyèl (MFP-RS)

Definisyon ki vin apre a konsènan sèvis egzonerasyon yo aplike pou kèk oswa pou tout Domaj Serebral Devlope (Acquired Brain Injury, ABI) ak Egzonerasyon ki nan Plan Moving Forward la (Moving Forward Plan, MFP).

Patisipan nan Egzonerasyon ABI ak MFP yo kapab jere sèten sèvis egzonerasyon poukont yo. Jesyon pèsònèl la pèmèt ou chwazi ki moun ki ap ba w sèvis yo, fikse pwogram founisè w la, epi deside ki travay founisè w la dwe fè. Si w chwazi opsyon sa a, se ou ki vin enstitisyon travay pou travayè swen dirèk la. Sèvis ou kapab jere poukont ou yo ekri nan definisyon ki anba a.

Pou sèvis ou pa kapab jere poukont ou yo, w ap resevwa swen pa mwayen yon modèl ajans. Nan yon modèl ajans, se ajans lan ki ap chwazi moun ki ap ba w sèvis yo epi se li menm ki ap fikse orè yo. Ajans lan se enstitisyon travay founisè a. Yo bay sèvis ki anba yo pa mwayen yon ajans modèl, sof si w ap resevwa yon sèvis ou kapab jere poukont ou epi w chwazi jere li poukont ou.

Se an pèsòn yo ap ba w sèvis ki site anba a. Epitou, gen kèk sèvis yo kapab bay pa mwayen telesante (nan telefòn oswa nan videyo konferans). Yo ap pale sou sa pandan pwosesis planifikasyon ki santre sou moun ou an.

Pou plis enfòmasyon sou sèvis yo bay nan kad egzonerasyon sa yo, gade règ pwogram lan nan 130 CMR 630.000: *Sèvis Adomisil ak Sèvis Kominotè- Sèvis Egzonerasyon*.

Definisyon sèvis ki vin apre yo se pou sèvis ki disponib nan kad egzonerasyon sa yo. Yo ofri sèvis egzonerasyon yo anplis sèvis yo bay nan kad nenpòt lòt pwogram MassHealth ou kapab kalifye pou patisipe ladan. Sèvis egzonerasyon yo pa kapab fè doub travay ak lòt sèvis MassHealth yo.

A. Sipò pou Lavi Endepandan

Sèvis ki ap ede w (epi nan kèk ka, fanmi w) adapte w lè w retounen nan kominote a, epi ede w kontinye vin gen plis endepandans.

Akonpayman pou Granmoun (*pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N oswa MFP-CL yo*)

Ou kapab jere sèvis sa a poukont ou.

Nan Akonpayman pou Granmoun nan gen swen ki pa medikal, sipèvizyon, ak sosyalizasyon. Akonpayman yo kapab ede w nan aktivite chak jou yo tankou prepare repa, fè lesiv, fè acha, ansanm ak patisipasyon nan kominote a. Gen kèk limit ki aplike pou sèvis sa a. Ou kapab mande responsab dosye w la plis enfòmasyon sou limit sèvis yo.

Sipò Endividyèl ak Adaptasyon Kominotè (*pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N, MFP-CL, ABI-RH, oswa MFP-RS yo*)

Ou kapab jere sèvis sa a poukont ou.

Sèvis sa a bay sipò ki nesesè pou w aprann vin genyen epi/oswa konsève konpetans ki nesesè pou w kreye, viv, epi kenbe yon fwaye ou chwazi nan kominote a. Nan èd sa yo gen chèche yon lojman; aprann, kenbe, oswa amelyore konpetans ki lye ak finans pèsònèl, sante, fè acha, itilize resous kominotè yo, ak sekirite nan kominote a; ansanm ak lòt konpetans sosyal epi adaptif ki nesesè pou viv nan kominote a.

Patisipan nan egzonerasyon ABI-RH ak MFP-RS yo kapab resevwa sèvis sa a sèlman si yo ap resevwa sèvis Èd pou Lavi Endepandan tou.

Gen kèk limit ki aplike pou sèvis sa a. Ou kapab mande responsab dosye w la oswa kowòdonatè sèvis ou a plis enfòmasyon sou limit sèvis yo.



Chelsea pase jounen an nan Fenway Park.

KISMET IMPROV



Pierre ak Heather, ansanm ak lòt yo, te monte sou sèn nan avèk fyète pou premye espektak elèv nan Kismet Improv. Foto a met aksan sou eksitasyon ak asirans yo genyen pandan yo ap travay ansanm, ri ansanm epi pataje kreyativite yo avèk piblik la. Yon seri vizaj ki ap souri ak yon enèji pozitif te anvayi chanm nan, sa ki pèmèt evènman sa a vin yon eksperyans memorab epi ankourajan pou toulede patisipan yo.

Sipò Kanmarad (*pou moun egzonerasyon ABI-N, MFP-CL, ABI-RH, oswa MFP-RS ap sèvi yo*)

Ou kapab jere sèvis sa a poukont ou.

Sèvis sa yo bay fòmasyon, enstriksyon, ak ankadreman pou amelyore konpetans ou yo epi pou ede w pi byen entegre nan kominote a ak nan fanmi dakèy la. Sèvis sa a pa depase plis pase 16 èdtan pa semèn.

B. Kote w ap Viv

Sèvis yo varye selon kalite kote ou kapab ap viv la. Tout sèvis ki dekri nan seksyon sa a pa gen frè lojman ak repa ladan yo.

Sèvis Èd pou Lavi Endepandan (*pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N oswa MFP-RS yo*)

Nan Èd pou Lavi Endepandan an gen swen pèsònèl ansanm ak sèvis sipò yo bay patisipan ki abite nan yon rezidans pou lavi endepandan. Nan sèvis yo bay yo gen èd menajè, èd pou fè travay chak jou epi pou swen pèsònèl, prepare repa, ak lòt sipò. Nan sèvis yo, pa gen swen espesyalize pou 24 èdtan an.

Sipò pou Lavi Endepandan (*pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N oswa MFP-CL yo*)

Yo bay sipò sa yo nan yon bilding ki gen plizyè lokatè, tankou yon lojman sosyal pou moun ki granmoun/andikape. Gen sipò ki disponib pou patisipan ki gen bezwen pa okazyon, men, ki pa bezwen yon siveyans 24 èdtan pa jou. Nan sèvis ki disponib yo gen èd pou benyen, pou abiye, pou ijyèn pèsònèl, antretyen nan kay, lesiv, fè acha, sipò ak akonpayman, sipò emosyonèl, ansanm ak sosyalizasyon. Nan sèvis sa a, pa gen swen enfimyè pratik.

Adaptasyon Rezidansyèl (pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-RH, oswa MFP-RS yo)

Bagay sa yo se sèvis ak sipò nan yon lojman an gwoup kote yon founisè ki ap ede rezidan yo nan aktivite chak jou yo ap jere, tankou bay medikaman ak prepare repa, oswa ede rezidan yo vin genyen, kenbe, oswa amelyore konpetans ki nesesè pou yo viv nan kominote a. Nan sipò yo gen swen pèsònèl, siveyans ak sipèvizyon pou pwoteksyon, ak fòmasyon pwofesyonèl. Nan kad la gen manm pèsònèl ki disponib 24 èdtan pa jou epi ki dwe aksesib pou rezidan yo.

Sipò pou Lojman Pataje (pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N oswa MFP-CL yo)

Sèvis sa a mete yon patisipan an kontak ak yon responsab swen Sipò pou Lojman Pataje. Responsab swen an ap viv ak patisipan an nan rezidans responsab swen an oswa rezidans patisipan an epi li bay estrikti, fòmasyon pwofesyonèl, ak sipèvizyon chak jou. Responsab swen an kapab pa yon manm fanmi ki responsab legalman. Se sèlman de (2) patisipan ki kapab abite nan yon lojman inik. Nan sèvis sa a, pa gen swen 24 èdtan.

Lojman Pataje — Sipò 24 èdtan pa jou (pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-RH, oswa MFP-RS yo)

Sèvis sa a mete yon patisipan an kontak ak yon responsab swen Lojman Pataje. Responsab swen an ap viv ak patisipan an nan rezidans responsab swen an oswa rezidans patisipan an epi li bay patisipan an sipò, swen pèsònèl, estrikti ansanm ak sipèvizyon chak jou. Lojman Pataje a entegre patisipan an nan aktivite abityèl ki fè pati lavi fanmi moun ki ap pran swen li an. Responsab swen an kapab pa yon manm fanmi ki responsab legalman. Yo kapab pwopoze Lojman Pataje a pou anviwon de (2) patisipan nan yon lojman inik. Lojman Pataje se yon sèvis èd pèsonalize ki disponib 24 èdtan pa jou/7 jou pa semèn.

C. Konektè Kominotè

Sèvis ki ede w patisipe nan kominote a.

Sipò Kominotè Lajounen (Community-Based Day Supports, CBDS) (*pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N, MFP-CL, ABI-RH, oswa MFP-RS yo*)

Nan sèvis sa yo gen yon pakèt aktivite lajounen pou ankouraje entèraksyon pèsonèl ak sosyal ansanm ak angajman kominotè. Nan sèvis Sipò Kominotè Lajounen yo kapab gen chèche fè karyè, devlope konpetans pou viv endepandan, pousuiv enterè pèsonèl ak lwazi, ansanm ak lòt eksperyans pou ede w patisipe konplètman nan lavi nan kominote a. Yo bay sèvis sa a nan yon gwoup ki piti.

Gen kèk limit ki aplike pou sèvis sa a. Ou kapab mande responsab dosye w la oswa kowòdonatè sèvis ou a plis enfòmasyon sou limit sèvis yo.

Sipò ak Akonpayman Kominotè nan Kesyon Sante Konpòtmantal (*pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N, MFP-CL, ABI-RH, oswa MFP-RS yo*)

Se yon sèvis èd ak sipò ki la pou patisipan ki bezwen èd pou yo gen aksè nan yon seri sèvis sante konpòtmantal ak lòt sèvis medikal. Sipò ak Akonpayman Kominotè nan Kesyon Sante Konpòtmantal la se yon sèvis fleksib epi mobil, ki adapte ak bezwen endividyèl ou yo. Se kapab devlope plan ak estrateji pou ede w retabli, ede w antre an kontak ak sèvis sante Konpòtmantal yo ansanm ak lòt sèvis swen sante, jwenn sipò nan men kamarad ou, epi ede w devlope konpetans pou defann tèt ou, yon fason pou w kapab patisipe konplètman nan tretman w la ak planifikasyon sèvis yo. Sipò ak Akonpayman Kominotè nan Kesyon Sante Konpòtmantal la pa yon sèvis pou tretman klinik.



Graham ak Kerianne, ap souri epi yo ap pwofite vwayaj lapèch yo a nan jou jedi matin an, nan yon lak ki toupre Westborough.

Sèvis Lajounen (pou moun ezonerasyon ABI-N, MFP-CL, ABI-RH, oswa MFP-RS ap sèvi yo)

Nan sèvis yo gen aktivite estriktire chak jou, an jeneral, pou moun ki poko pare pou antre sou mache travay jeneral la, oswa ki gen yon travay amitan epi ki bezwen yon pwogram sèvis sipèvize pandan moman yo p ap travay yo, oswa ki rive nan laj retrèt.

Nan Sèvis Lajounen yo souvan gen sipò pou aprantisaj ak amelyorasyon konpetans pou viv chak jou ak konpetans fonksyonèl, ansanm ak lòt fòmasyon ak aktivite nan objektif pou ankouraje w enplike plis nan kominote a epi ankouraje plis endepandans.

Gen kèk limit ki aplike pou sèvis sa a. Ou kapab mande responsab dosye w la oswa kowòdonatè sèvis ou a plis enfòmasyon sou limit sèvis yo.

Sèvis Pre-pwofesyonèl (*pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N, MFP-CL, ABI-RH, oswa MFP-RS yo*)

Sèvis yo ofri yon seri aktivite aprantisaj jeneralize ak eksperyans ki prepare w pou travay peye oswa san peye nan yon anviwònman kominotè entegre.

Gen kèk limit ki aplike pou sèvis sa a. Ou kapab mande responsab dosye w la oswa kowòdonatè sèvis ou a plis enfòmasyon sou limit sèvis yo.

Sipò pou Travay (*pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N, MFP-CL, ABI-RH, oswa MFP-RS yo*)

Sèvis sa a bay sipò entansif, san rete, pou pèmèt patisipan yo fè travay yo nan yon anviwònman travay nòmal. Sèvis sa a disponib pou patisipan ki pa gen anpil chans pou yo jwenn yon travay konpetitif ki peye nan salè minimòm oswa ki pi wo pase salè minimòm nan san okenn sipò, epi ki bezwen èd akòz andikap yo. Nan Sipò pou Travay la kapab gen ede patisipan an jwenn yon travay, oswa li kapab mande pou kreye yon travay nan non patisipan an.

Gen kèk limit ki aplike pou sèvis sa a. Ou kapab mande responsab dosye w la oswa kowòdonatè sèvis ou a plis enfòmasyon sou limit sèvis yo.

Transpò (*pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N, MFP-CL, ABI-RH, oswa MFP-RS yo*)

Yo ofri sèvis transpò pou pèmèt ou gen aksè nan sèvis egzonerasyon ak lòt sèvis, aktivite, ansanm ak resous yo, lè pa gen okenn lòt mwayen transpò ki disponib. Lè sa posib, yo atann pou w itilize fanmi w, vwazen w, zanmi w, oswa ajans nan kominote w la ki kapab ba w yon mwayen transpò gratis.

D. Èd Adomisil

Sèvis pou ede w pran swen kay ou.

Menaj (*pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N oswa MFP-CL yo*)

Ou kapab jere sèvis sa a poukont ou.

Nan sèvis menajè yo gen fè travay menajè lou detanzantan, ki nesèsè pou kenbe kay la pwòp epi an sekirite, tankou lave fenèt yo, atè a, ak mi yo; deplase mèb ki lou yo; epi debleye nèt la yon fason pou pèmèt yon aksè ki sekirize.

Sèvis Èd Menajè (*pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N oswa MFP-CL yo*)

Ou kapab jere sèvis sa a poukont ou.

Nan sèvis yo gen fè travay menajè jeneral tankou prepare repa ak antretyen pa woutin nan kay, lè moun ki abitye gen responsablite pou fè aktivite sa yo absan yon fason tanporè oswa pa li pa kapab jere kay la.

Gen kèk limit ki aplike pou sèvis sa a. Ou kapab mande responsab dosye w la plis enfòmasyon sou limit sèvis yo.

Lesiv (*pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N oswa MFP-CL yo*)

Nan sèvis sa a gen pase pran, lave, seche, pliye, anbale, epi pote rad ak dra yo retounen. Rad yo lave, seche, pliye, epi anbale andeyò anplasman an, epi yo voye yo retounen lakay ou.

E. Swen Pèsonèl

Sèvis pou ede w nan sèten aktivite tankou benyen, abiye, epi ale nan twalèt.

Livrezon Repa Adomisil (*pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N oswa MFP-CL yo*)

Sèvis sa a bay patisipan yo repa ki byen ekilibre.

Èd pou Sante Adomisil (*pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N oswa MFP-CL yo*)

Èd pou Sante Adomisil yo bay swen pratik ansanm ak plis èd pou swen pèsonèl yo.

Gen kèk limit ki aplike pou sèvis sa a. Ou kapab mande responsab dosye w la plis enfòmasyon sou limit sèvis yo.



Sonia te patisipe nan yon kou kizin sou chakitri kote li te bay èd pou prepare engredyan ki fre. Foto a montre li menm ki koupe frèz yo ak atansyon, li montre jan li konsantre epi fyè pou li kontribiye nan aktivite gwoup la. Eksperyans pratik sa a met aksan sou travay ekip, kreyativite, ak preparasyon aliman ki bon pou sante, sa ki ajoute yon aspè amizan ak angajman nan kou a.

Swen Pèsonèl (*pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N oswa MFP-CL yo*)

Ou kapab jere sèvis sa a poukont ou.

Sèvis sa a bay yon èd pratik (kote li vrèman fè travay la nan plas moun nan) oswa li bay endis ak sipèvizyon pou ankouraje patisipan rive fè yon travay. Nan travay sa yo, kapab gen benyen, abiye, ijyèn pèsonèl, ak lòt aktivite nan lavi a chak jou.

Gen kèk limit ki aplike pou sèvis sa a. Ou kapab mande responsab dosye w la plis enfòmasyon sou limit sèvis yo.

Èd pou Swen Sipò Adomisil (*pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N oswa MFP-CL yo*)

Sèvis sa yo bay swen pèsonèl ak sèvis èd menajè, ansanm ak sipò emosyonèl ak èd sosyalizasyon, pou patisipan ki gen maladi Alzheimer oswa demans yo oswa ki bezwen swen sante konpòtmantal.

Gen kèk limit ki aplike pou sèvis sa a. Ou kapab mande responsab dosye w la plis enfòmasyon sou limit sèvis yo.


F. Terapi ak Swen Enfimyè

Sèvis nan men yon seri pwofesyonèl ki ap ede w ogmante kapasite w ansanm ak endepandans ou.

Ègoterapi (*pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N, MFP-CL, ABI-RH, oswa MFP-RS yo*)

Se yon ègoterapet agreye ki bay sèvis sa a, epi li ap ede w devlope oswa rejwenn kapasite fizik ou yo, yon fason pou anpeche lòt blesi oswa andikap, epi pou amelyore kapasite w genyen pou fè travay ki nesèsè pou fonksyon endepandan. Nan sèvis yo kapab gen fòmasyon ak sipèvizyon pou pèmèt ou menm, yon manm fanmi w, oswa yon lòt moun mete yon pwogram antretyen sou pye.

Sèvis sa a limite ak yon sèl tretman endividyèl ansanm ak yon sèl seyans terapi an gwoup pa jou.



Dean ak travayè endepandan li an ap fè pwogrè nan domèn mantal, fizik, ak esprityèl nan sal espò a pandan ap sosyalize epi kreye souvni.

Terapi Fizik (pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N, MFP-CL, ABI-RH, oswa MFP-RS yo)

Se yon terapeut fizik agreye ki ap bay sèvis sa a epi li ap ede w amelyore, devlope, korije, reyabilye, oswa anpeche fonksyon fizik ki te pèdi yo vin pi grav, vin altere oswa diminye apre yon pwoblèm medikal grav oswa kwonik, akòz yon seri anomali konjenital oswa blesi; oswa ede w kenbe oswa anpeche fonksyon sa yo vin pi grav.

Nan sèvis yo kapab gen fòmasyon ak sipèvizyon ki nesè pou pèmèt ou menm, yon manm fanmi w, oswa yon lòt moun mete yon pwogram antretyen sou pye.

Sèvis sa a limite ak yon sèl tretman endividyèl ansanm ak yon sèl seyans terapi an gwoup pa jou.

Swen Enfimyè Espesyalize (pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N, MFP-CL, ABI-RH, oswa MFP-RS yo)

Se yon enfimyè diplome oswa yon enfimyè oksilyè otorize ki bay Sèvis Swen Enfimyè Espesyalize yo, epi yon patisipan kapab jwenn sèvis sa yo si li bezwen siveyans pou medikaman oswa yon fòmasyon sou fason pou jere eta sante li.

Yo kapab bay sèvis sa a sèlman yon fwa pa semèn, men, kapab gen eksepsyon sou yon baz tanporè.

Terapi Lapawòl (pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N, MFP-CL, ABI-RH, oswa MFP-RS yo)

Se yon terapeut lapawòl ki bay sèvis sa a. Terapeut la dwe konsidere terapi lapawòl la nesè pou pèmèt ou amelyore, devlope, kenbe, korije, oswa reyadapte komunikasyon vèbal oswa langaj ou, oswa pou amelyore pwoblèm ou genyen nan kesyon vale a.

Nan sèvis yo kapab gen fòmasyon ak sipèvizyon pou pèmèt ou menm, yon manm fanmi w, oswa yon lòt moun mete yon pwogram antretyen sou pye.

Sèvis sa a limite ak yon sèl tretman endividyèl ansanm ak yon sèl seyans terapi an gwoup pa jou.

G. Sipò Familyal

Sèvis pou ede soutni fanmi w.

Fòmasyon Kominotè/Rezidansyèl pou Fanmi yo (*pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N, MFP-CL, ABI-RH, oswa MFP-RS yo*)

Sèvis sa a ofri ou menm ak manm fanmi w ki ap pran swen w san peye, yon fòmasyon ak konsèy sou mwayen pou ede w reyisi nan kominote a. Nan fòmasyon familyal la kapab gen fòmasyon pou lidèchip familyal, sipò pou defann tèt ou, ak endepandans.

Relèv (*pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N oswa MFP-CL yo*)

Yo bay sèvis sa a akoutèm yon fason pou ede moun ki ap bay swen enfòmèl yo anba egzijans chak jou ki genyen pou yo pran swen yon patisipan epi pou ranfòse sistèm sipò enfòmèl la.

H. Modifikasyon nan Kay ak nan Machin epi Sipò pou Aksesibilite

Sèvis ki ap ede w viv nan kominote w la yon tikras pi fasil.

Teknoloji Dasistans (*pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N, MFP-CL, ABI-RH, oswa MFP-RS yo*)

Sèvis sa a bay sipò nan de (2) fason: Aparèy Teknoloji Dasistans (Assistive Technology, AT) ak evalyasyon ak fòmasyon nan AT.

Aparèy AT yo se pyès ekipman oswa sistèm pwodui w ap itilize pou devlope, ogmante, kenbe, oswa amelyore kapasite fonksyonèl ou yo, epi pou ede w atenn objektif ou yo. Ou kapab itilize aparèy AT yo pou telesante.

Evalyasyon ak fòmasyon AT a evalye bezwen AT ou yo, chwazi epi pèsonalize aparèy yo, epi bay fòmasyon.

Adaptasyon pou Aksesibilite Adomisil (*pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N, MFP-CL, ABI-RH, oswa MFP-RS yo*)

Nan sèvis la gen pèman pou modifikasyon ki nesesè nan lojman w lan, yon fason pou asire sante, sekirite, ak endepandans ou. Ladan, kapab gen enstale ranp ak ba pou apiye, elaji pòt yo, modènize saldeben yo oswa enstale yon seri sistèm elektrik ak sistèm plonbri ki espesyalize.

Sèvis sa a gen yon limit \$50,000 pou tout lavi pou chak patisipan.

Sèvis Oryantasyon ak Mobilité (*pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N, MFP-CL, ABI-RH, oswa MFP-RS yo*)

Sèvis sa a ede patisipan ki pa byen wè oswa ki avèg yo aprann kijan pou yo deplase an sekirite, pou yo viv poukont yo lakay yo ak nan kominote a, epi pou yo itilize transpò piblik. Epi tou, nan sèvis yo kapab gen sipò pou moun ki ap bay swen yo, yon fason pou yo jwenn enfòmasyon sou moun ki avèg ak moun ki pa wè byen an epi konsènan resous pou viv nan kominote a pandan yo avèg oswa yo pa wè byen.

Ekipman Medikal Espesyalize (pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N, MFP-CL, ABI-RH, oswa MFP-RS yo)

Sèvis sa a pèmèt ou jwenn ekipman ak founiti medikal ki pèmèt ou konsève endepandans ou.



Kim chwazi fè acha nan magazen an grasa sipò manm pèsonèl li a. Li vrèman enpòtan pou Kim pratike endepandans li epi li fyè dèske li kapab soti nan kominote a epi ale fè acha poukont li.

Ou kapab gen aksè nan ekipman sa yo antanke yon sèvis egzonerasyon nan mezi kote yo pa disponib antanke ekipman medikal dirab, nan kad sèvis Medicare oswa State Plan MassHealth yo. Kòm egzanp, kapab gen yon òdinatè abaz kòmand vokal, yon kousen espesyal oswa anplis pou chèz woulant, oswa founiti anplis.

Modifikasyon Veyikil (*pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N oswa MFP-CL yo*)

Sèvis sa a ofri adaptasyon oswa chanjman nan yon machin oswa yon kamyonèt, yon fason pou akomode bezwen w genyen pou transpò. Li disponib sèlman lè machin nan se prensipal mwayen transpò w.

Nan modifikasyon yo kapab gen elevatè pou kamyonèt, dispozitif arimaj, ranp, chèz espesyalize ak dispozitif pou kenbe sekirite, epi ladan yo dwe gen avantaj medikal dirèk oswa terapetik.

Frè pou sèvis sa a pa kapab depase \$25,000 sou yon peryòd twa (3) lane. Ou pa kapab itilize fon yo pou peye yon nouvo machin oswa pou fè mentnans pa woutin nan machin. Modifikasyon ki fèt nan machin yon moun ki ap bay swen epi ki touche, oswa machin yon founisè ajans ekskli.

I. Asistans Tranzisyonèl

Sèvis pou ede w fè tranzisyon pou viv nan kominote a.

Sèvis Asistans Tranzisyonèl (*pou moun ki enskri nan egzonerasyon ABI-N, MFP-CL, ABI-RH, oswa MFP-RS yo*)

Nan sèvis sa a gen èd ak pèman pou depans ki fèt yon sèl fwa pou ede patisipan ki ap fè tranzisyon pou soti nan etablisman yo pou vini nan lojman yo.

Nan èd la kapab gen ede w jwenn yon lojman epi òganize demenajman an.

Nan depans yo kapab gen depo garanti, mèb, frè pou enstalasyon sèvis piblik oswa aksè nan sèvis yo, lit kont parazit, netwayaj atan anvan anmenajman, frè pou demenajman, ak adaptasyon ki nesèsè pou kesyon aksesibilite. Nan frè yo, pa gen frè pou lojman ak repa oswa lwaye.

Sèvis Èd pou Tranzisyon yo limite pou yon peryòd tan byen presi kote w ap fè tranzisyon pou vin nan kominote a. Ou kapab mande responsab dosye w la oswa kowòdonatè sèvis ou a plis enfòmasyon.



John te pase yon bèl moman pandan li t ap vizite Tougas Family Farm (Fèm Familyal Tougas), kote li te kapab pran kèk frechè epi keyi pòm ak pèch. Foto a montre John ki ap pase yon bèl moman pandan li ap touche yon kabrit nan fèm nan.

IV. Kalifikasyon pou Pwogram Egzonerasyon yo

Pou vin yon patisipan nan youn nan egzonerasyon sa yo, ou dwe kalifye pou MassHealth epi w dwe respekte sèten egzijans anplis. Egzijans sa yo divize an de (2) kalite: kalifikasyon klinik ansanm ak kalifikasyon finansye. Pou detèmine **Kalifikasyon Klinik** la, yo evalye eta sante w ak bezwen w yo. Pou detèmine **Kalifikasyon finansye** a, yo konte revni ansanm ak aktif ou yo. W ap jwenn plis enfòmasyon sou kalifikasyon klinik ak finansye yo anba a.

A. Kalifikasyon Klinik

1. Kalifikasyon Klinik Inisyal (pou Aplikan nan Egzonerasyon yo)

Kritè Kalifikasyon pou Egzonerasyon ABI

Pou yon moun kalifye pou youn nan egzonerasyon ABI yo, li dwe

- ap viv nan yon etablisman swen enfimye oswa nan yon lopital pou maladi kwonik oswa reyadaptasyon, oswa nan yon lopital sikyatrik pandan omwen 90 jou;
- swa gen
 - 22 lane oswa pi gran epi gen yon andikap; oswa
 - 65 lane oswa plis;
- te sibi yon domaj serebral devlope nan laj 22 lane oswa plis. Yon domaj serebral devlope kapab rive akòz yon estwòk, yon chòk nan sèvo, yon enfeksyon nan sèvo (tankou yon ansefalit), yon timè nan sèvo, oswa yon anoreksi (manke oksijèn);
- bezwen sèvis egzonerasyon ABI; epi
- kapab jwenn sèvis an sekirite nan kominote a, nan kad tèm egzonerasyon ABI a.

Epitou, pou egzonerasyon ABI-RH la, moun nan dwe bezwen sèvis sipò rezidansyèl ak sipèvizyon manm pèsònèl la 24 èdtan pa jou, sèt jou pa semèn.

Kritè Kalifikasyon pou Egzonerasyon MFP

Pou yon moun kalifye pou youn nan egzonerasyon MFP yo, li dwe

- ap viv nan yon etablisman swen enfimye oswa nan yon lopital pou maladi kwonik, reyadaptasyon, oswa lopital sikyatrik pandan omwen 90 jou;
- swa gen
 - 18 lane oswa pi gran epi gen yon andikap; oswa
 - 65 lane oswa plis;
- bezwen sèvis egzonerasyon MFP; epi
- kapab jwenn sèvis an sekirite nan kominote a, nan kad tèm egzonerasyon MFP a.

Epitou, pou egzonerasyon MFP-RS la, moun nan dwe bezwen sèvis sipò rezidansyèl avèk sipèvizyon manm pèsònèl la 24 èdtan pa jou, sèt jou pa semèn.

2. Kalifikasyon Klinik Kontinye (pou Patisipan nan Egzonerasyon yo)

Antanke yon patisipan nan egzonerasyon, ou deja suiv yon pwosesis kalifikasyon inisyal epi yo te jije w kalifye. Pou rete nan pwogram nan, ou dwe kontinye respekte kèk kritè klinik. Seksyon sa a bay enfòmasyon sou kalifikasyon klinik ki ap kontinye yo.

Kritè kalifikasyon klinik ki vin apre yo aplikab pou chak nan kat (4) pwogram egzonerasyon yo: Domaj Serebral Devlope–Adaptasyon Rezidansyèl; Domaj Serebral Devlope–Adaptasyon ki pa Rezidansyèl; Plan Moving Forward–Sipò Rezidansyèl; ak Plan Moving Forward–Lavi Kominotè. Ou dwe ranpli tout kritè ki vin apre yo pou w kalifye nan domèn klinik pou egzonerasyon yo.

- Ou pa dwe ap viv nan yon etablisman swen enfimye oswa yon lopital pandan anpil tan (sètadi yon lopital pou maladi kwonik, re-adaptasyon, oswa sikyatrik), men, ou dwe kontinye bezwen swen enfimye oswa swen lopital.
- Ou dwe kontinye bezwen youn oswa plizyè sèvis oswa sipò yo ofri nan kad pwogram egzonerasyon ki aplikab la.
- Ou dwe abite nan yon etablisman ki kalifye kote yo kapab bay sèvis egzonerasyon yo.
- Ou dwe kontinye kapab resevwa sèvis nan kominote a an sekirite.

Yo fè evalyasyon pou kalifikasyon klinik Kontinye yo chak ane ansanm ak bezwen ki genyen yo, selon chanjman ki fèt nan sitiyasyon w. Li enpòtan pou w bay enfòmasyon konsènan chanjman ki fèt nan sitiyasyon w lan. Chanjman ki afekte

youn oswa plizyè kritè kalifikasyon yo kapab afekte kalifikasyon w pou pwogram egzonasyon an tou.

Pou plis enfòmasyon sou kalifikasyon klinik la, gade règleman pou pwogram egzonasyon an nan 130 CMR 630.403: *Manm Kalifye ansanm ak règleman MassHealth yo nan 130 CMR 519.007(G): Egzonasyon pou Sèvis Adomisil ak Sèvis Kominotè pou Moun ki gen Domaj Serebral Devlope ak 130 CMR 519.007(H): Egzonasyon pou Sèvis Adomisil ak Sèvis Kominotè nan kad Pwogram Lajan Suiv Moun nan (Money Follows the Person).*

B. Kalifikasyon Finansyè

1. Kalifikasyon Finansyè Inisyal

Kritè kalifikasyon finansye ki vin apre yo aplikab pou chak nan kat (4) pwogram egzonasyon yo:

Domaj Serebral Devlope–Adaptasyon Rezidansyèl; Domaj Serebral Devlope–Adaptasyon ki pa rezidansyèl; Plan Moving Forward–Sipò Rezidansyèl; ak Plan Moving Forward–Lavi Kominotè. Ou dwe ranpli tout kritè ki vin apre yo pou w kalifye finansyèman pou egzonasyon yo.

- Revni a pi piti oswa egal ak 300% nan to avantaj federal pou Revni Sekirite Sipleman a (Supplemental Security Income, SSI).
- Yo ap evalye aktif ki kapab konte yo, nan yon montan ki pi piti oswa ki egal ak limit ki otorize a.

Si sa aplikab, yo ap evalye aktif konjwen w lan genyen epi ki kapab konte yo, nan yon montan ki pi piti oswa ki egal ak limit ki otorize a. Limit revni ak limit aktif sa yo kapab chanje chak ane, epi w kapab jwenn chif ki ajou yo sou sit entènèt MassHealth la. Pale ak responsab dosye oswa kowòdonatè sèvis ou a, oswa manm pèsònèl sansibilizasyon DDS oswa MassAbility a, pou jwenn enfòmasyon ki ajou sou limit revni ak aktif yo, oswa si w gen kesyon sou kalifikasyon finansyè a oswa si w bezwen èd pou fè yon demann nan MassHealth.

Yo ap evalye kalifikasyon finansye w alafwa nan premye demann ou an, epi anvan w resevwa egzayat pou kite etablisman an. Se pou gen asirans w ap toujou kalifye finansyèman pou egzonasyon an, lè w fè tranzisyon pou vin nan kominote a.

2. Kalifikasyon Finansye Kontinye

Yo fè evalyasyon pou kalifikasyon finansye kontinye yo chak ane. Yo ap voye yon fòm nan kourye lapòs ba ou pou poze w kesyon konsènan sitiyasyon finansye w, yon fason pou yo detèmine si w toujou kalifye pou pwogram nan.

Ou dwe reponn anvan dat limit ki endike a, ajoute tout dokiman yo mande yo, epi reponn tout kesyon yo yon fason ki sensè epi selon tout sa w konnen.

Epitou, ou dwe mete MassHealth okouran si gen nenpòt sitiyasyon ki chanje, tankou yon chanjman nan revni oswa aktif yo.

Patisipan nan egzonerasyon ki gen revni ki vin ogmante apre yo fin enskri nan youn nan pwogram egzonerasyon yo, kapab kalifye pou yo kontinye elijib menmsi revni yo depase limit ki fikse a. Pale ak responsab dosye oswa kowòdonatè sèvis ou a, si revni w chanje.

Aktif ou yo, men, se pa aktif konjwen w yo, antre nan kad detèminasyon kalifikasyon finansye kontinye a.

Si w gen nenpòt kesyon sou kalifikasyon finansye a, pale ak responsab dosye oswa kowòdonatè sèvis ou a.

Pou plis enfòmasyon sou kalifikasyon finansye a, gade règleman MassHealth la nan 130 CMR 520.000: *Kalifikasyon Finansye MassHealth* ansanm ak règleman MassHealth yo nan 130 CMR 519.007(G): *Egzonerasyon pou Sèvis Adomisil ak Sèvis Kominotè pou Moun ki gen Domaj Serebral Devlope* ak 130 CMR 519.007(H): *Egzonerasyon pou Sèvis Adomisil ak Sèvis Kominotè nan kad Pwogram Lajan Suiv Moun nan (Money Follows the Person)*.

3. Tretman Revni Apre Kalifikasyon

Patisipan nan egzonerasyon ABI ak MFP ki te gen revni ki egal oswa ki pi ba pase 300% To Avantaj Federal la (Federal Benefit Rate, FBR) nan moman premye detèminasyon kalifikasyon yo pou egzonerasyon an, fè pati yon “gwoup espesyal pou kalifikasyon revni” ki etabli selon lwa federal la.

Patisipan nan egzonerasyon ABI ak MFP ki nan “gwoup espesyal pou kalifikasyon revni” an kapab rete kalifye finansyèman pou MassHealth epi kontinye resevwa sèvis egzonerasyon yo menmsi revni chak mwa yo depase yon nivo ki pi wo pase 300% FBR apre enskripsyon yo nan yon egzonerasyon HCBS, lè yo bay yon pati nan revni yo kòm frè pou sèvis egzonerasyon yo a.



Erin ap fè premye acha li kote li ap achte frèz fre ak konkonm ete nan Westborough's Farmers Market la.

Yo itilize règ anrapò Tretman Revni Apre Kalifikasyon yo (Post-Eligibility Treatment of Income, PETI) pou kalkile kontribisyon yon patisipan ap bay nan frè pou swen li yo. Pou kalkile kontribisyon patisipan an bay chak mwa a, ki rele yon “montan PETI”, yo pran revni enpo chak mwa patisipan an epi yo retire ekivalan 300% FBR chak mwa a ladan ansanm ak nenpòt franchiz ki te otorize.

Men, kijan li fonksyone.

- Yo itilize yon limit revni fiks pou detèmine si w kalifye pou jwenn egzonerasyon.
- Si revni w yo depase limit sa a ***apre w fin deja enskri***, ou p ap pèdi sèvis ou yo. Olye sa, w ap ***bay montan revni ki depase limit la kòm kontribisyon***.
- Anvan nou kalkile sa w dwe a, nou retire sèten ***depans ki otorize***, tankou prim pou asirans sante yo oswa lòt frè ki apwouve yo.
- Se sèlman ***kontribisyon chak mwa***, oswa montan PETI ou a, ki rete.

C. Kondisyon kote yo Kapab Bay Sèvis Egzonerasyon yo

Si w se yon patisipan nan pwogram Egzonerasyon pou Domaj Serebral Devlope a– Adaptasyon ki pa Rezidansyèl (Acquired Brain Injury–Non-residential Habilitation, ABI-N) oswa Egzonerasyon Plan Moving Forward–Lavi Kominotè (Moving Forward–Community Living, MFP-RS), petèt w ap viv nan pwòp kay pa w oswa nan yon kay fanmi w posede oswa lwe. Yon kay kapab se yon kay senp, yon apatman ko-pwopriyete, yon apatman, oswa lòt bilding rezidansyèl yo posede oswa lwe.

Si w ap viv nan kominote a nan yon kay oswa yon apatman ou menm oswa fanmi w pa posede oswa pa lokatè, nou vrèman ankouraje w konkli yon akò alekri avèk pwopriyete w la ki ap pwoteje w kont yon ekspilsyon san avi. Responsab dosye oswa kowòdonatè sèvis ou a ap ede w fè aranjman ki nesèsè a.

Si w se yon patisipan nan pwogram Egzonerasyon pou Domaj Serebral Devlope a- Adaptasyon Rezidansyèl (Acquired Brain Injury-Residential Habilitation, ABI-RH) oswa Egzonerasyon Plan Moving Forward-Sipò Rezidansyèl la (Moving Forward-Residential Supports, MFP-RS), petèt w ap viv nan yon etablisman yon founisè ap jere oswa nan yon lojman pataje. Anba a, w ap jwenn yon lis konsènan kalite estrikti lojman founisè yo ap jere ak estrikti lojman pataje nan egzonerasyon ABI-RH ak MFP-RS yo, ansanm ak deskripsyon sou kalite estrikti rezidansyèl sa yo.

1. Èd pou Lavi Endepandan

Etablisman Èd pou Lavi Endepandan yo, pafwa yo rele Rezidans Èd pou Lavi Endepandan, varye an gwosè, estil, ak kantite rezidan. Rezidans sa yo kapab se gwo apatman- espas ki kapab akeyi plis pase 100 rezidan, oswa kay pi piti, tankou kay fanmi, ki kapab akeyi mwens pase 10 rezidan. Yo kapab afilye ak lopital, mezon retrèt, òganizasyon relijye, oswa lòt antite, oswa yo kapab endepandan.

Pou kalifye kòm yon etablisman ki kapab bay sèvis egzonerasyon, etablisman ki bay Èd pou Lavi Endepandan yo pa kapab atache ak yon etablisman swen enfimyè oswa twouve li sou kanpis li a. Yo kapab eksplwate yo pou pwofi oswa pa mwayen òganizasyon ki pa sou fè lajan.

Kèk nan Rezidans ki bay Èd pou Lavi Endepandan yo kapab rezève yon pati oswa tout bilding lan pou moun ki bezwen jwenn swen espesyalize, tankou moun ki gen pwoblèm mantal, andikap koyitif, oswa ki gen lòt bezwen yo.

2. Lojman an Gwoup

Lojman an gwoup, ki kapab gen ladan kay endividyèl oswa apatman, se etablisman yon seri founisè ap jere epi ki ap chèche kenbe yon anviwònman familyal ki gen yon kizin, yon salon, ak chanm endividyèl pou chak patisipan. Lojman an gwoup yo twouve yo nan katye vil ak zòn yo toupatou nan Massachusetts.

An jeneral, lojman an gwoup yo gen jiska kat (4) rezidan. Pou kalifye antanke anplasman rezidans nan pwogram Egzonerasyon pou Domaj Serebral Devlope ak Plan Moving Forward la, yon fwaye kolektif pa kapab gen plis pase senk (5) rezidan.

Nan lojman an gwoup yo, gen manm pèsònèl ki la an pèmanans pou bay sipò 24 èdtan pa jou.

3. Lojman Pataje

Anplasman Lojman Pataje yo se Lojman Pataje moun ki ap bay swen yo oswa patisipan nan pwogram egzonerasyon an—swa w ap viv kay yon moun ki ap bay swen, oswa moun ki ap bay swen an ap viv lakay ou. Se yon ajans pou sipò adomisil ki ap sipèvize aranjman sa a.

Lojman Pataje a ofri yon anviwònman sipò pandan 24 èdtan pou patisipan ki bezwen yon estrikti ak sipèvizyon chak jou.



Yo te transfere India Cali nan Nash Hill nan mwa fevriye ki sot pase a, kote se sèlman 10 pa li te kapab fè nan moman an. Jodi a, li mache 145 pa!

V. Pou Patisipan ki ap Viv nan Lojman an Gwoup Founisè yo ak Rezidans Lojman Pataje yo

A. Lojman ak Repa

Tout moun ki nan yon pwogram rezidansyèl (Domaj Serebral Devlope— Adaptasyon Rezidansyèl oswa Plan Moving Forward—Sipò Rezidansyèl) gen obligasyon pou kontribiye nan frè pou lojman ak repa yo. Kèlkeswa pwogram rezidansyèl w ap patisipe ladan an, ou dwe peye frè lojman ak repa yo chak mwa. Manm pèsònèl yo deziyen pou pwogram rezidansyèl la gen responsablite pou asire li ou konnen egzijans sa a konsènan kesyon lojman ak repa a.

Epitou, manm pèsònèl la dwe gen asirans w ap jere lajan w genyen ki disponib la yon fason ki apwopriye, pou w kapab respekte egzijans sa a. Si w pa rive fè okenn pèman, founisè w la ap travay avèk ou ansanm ak fanmi w pou rezoud pwoblèm pèman an.

1. Patisipan ki ap Viv nan Lojman an Gwoup ak Lojman Pataje DDS bay Lisans yo

Moun yo dwe bay 75% nan revni abityèl yo chak mwa kòm kontribisyon, sof si gen yon difikilte eksepsyonèl oswa yon ajisteman nan frè pou lojman ak repa yo. Tout moun dwe gen omwen \$200 chak mwa pou bezwen pèsònèl yo.

Pou yon moun ki ap resevwa pèman abityèl ak revni li genyen, frè chak mwa a se 75% nan pèman abityèl yo plis 50% nan revni li genyen ki depase \$65 pandan mwa a. Yo peye frè pou lojman ak repa yo dirèkteman bay òganizasyon founisè a.



Kimberly ap pwofite yon jounen detant epi aktif pandan li ap patisipe nan kayak DCR ap òganize nan Hopkinton State Park la, avèk Pierre, yon manm pèsònèl. Foto a montre yo ki ap fè kayak ansanm, ki ap souri ansanm, epi ki montre yo apresye eksperyans anplennè sa a. Aktivite a ankouraje travay ekip, lwazi, ak lyen sosyal, sa ki pèmèt li se yon aktivite ki agreyab epi memorab.

Eksepsyon pou Difikilte ak Ajisteman nan Lojman ak Repa

Si w gen depans ki nesesè, men, montan lajan ou te sere pou bezwen pèsònèl ou yo pa ase pou w peye tout depans ou fè nan yon mwa an patikilye, yo kapab diminye montan chak mwa pou pansyon w lan yon fason pou pèmèt ou peye depans sa yo. Ou menm, kowòdonatè sèvis ou a, ak ekip ki te ede nan devlope ISP ak POC a ap pale sou sa ansanm, epi manm pèsònèl DDS la ap pran yon desizyon. Nan depans ki nesesè yo kapab gen, san se pa sa sèlman, pansyon alimantè, sipò timoun, ak depans medikal.

2. Patisipan ki ap Viv nan Rezidans ki bay Èd pou Lavi Endepandan

Patisipan ki ap Viv nan Rezidans ki bay Èd pou Lavi Endepandan yo responsab pou peye pwòp frè lojman ak repa yo. Yo peye frè pou lojman ak repa yo dirèkteman bay òganizasyon founisè a.

B. Kontra Rezidans

Nan etablisman rezidansyèl founisè yo ap jere yo, founisè yo dwe etabli yon akò avèk ou ki menm jan ak yon lokasyon rezidansyèl. Founisè a dwe asire li akò a konkli alekri epi li bay pwoteksyon konsènan pwosedi ekspilsyon ak apèl yo, ansanm ak lòt pwoteksyon lokatè yo genyen an konfòmite ak lwa sou relasyon ant pwopriyetè ak lokatè ki an vigè nan Massachusetts la.

C. Plan Sipò pou Konpòtman Pozitif

Ou gen dwa pou jwenn sipò w vle epi w bezwen yo pou gen asirans ou gen pi bon kalite lavi ki posib la. Si w ap viv nan yon etablisman rezidansyèl yon founisè ap jere, sa kapab vle di ou dwe itilize **Plan Sipò pou Konpòtman Pozitif** la pou ede w amelyore kapasite pou w an sekirite, an sante, epi endepandan otank posib nan anviwònman sa a. Plan Sipò pou Konpòtman Pozitif yo itilize yon apwòch ki santre sou moun pou konprann rezon konpòtman yo. Se yon seri klinisyen ki devlope yo an konsiltasyon avèk ou menm ak manm pèsònèl ki konnen w byen epi ki vle ede w reyisi.

Sipò pou Konpòtman Pozitif la baze sou konprann sa w ap kominike a epi sou itilize yon seri apwòch pozitif nan objektif pou ede w amelyore kalite lavi w.

Nan egzijans jeneral pou yon Plan Sipò pou Konpòtman Pozitif, gen sa ki vin apre yo.

- Si ekip tretman w lan detèmine yon Plan Sipò pou Konpòtman Pozitif ap itil, ou menm, responsab legal ou a, oswa reprezantan legal ki otorize a, dwe bay konsantman reflechi pou plan an. Si w vle chanje plan konpòtmantal ou a, ou kapab pale ak ekip ki ap ba w tretman an. Ou gen dwa pou w anile konsantman w lan nenpòt lè. Si w gen yon Plan Sipò pou Konpòtman Pozitif, men, ou pa vle li ankò, ou kapab mande pou retire konsantman w lan epi plan an ap fini.
- Tout Plan Sipò pou Konpòtman Pozitif yo dwe fèt alekri epi yo dwe klè konsènan sa plan an dwe akonpli. Nan plan an, dwe gen yon analiz konsènan konpòtman an ak yon pwosesis pou garanti yo te evalye efè plan an.
- Pou pwoteje dwa w yo, yon komite pou dwa moun epi/oswa yon komite revizyon ki gen lòt moun kapab oblije egzamine Plan Sipò pou Konpòtman Pozitif la.
- Yo pa dwe ajoute Plan Sipò pou Konpòtman Pozitif la nan yon plan ki anpeche w jwenn nenpòt nan sa ki vin apre yo: dòmi ase, yon rejim alimantè ki ekilibre, yon kabann ki apwopriye, aksè nan saldeben, ak ase rad.
- Epitou, nan Plan Sipò pou Konpòtman Pozitif yo pa dwe gen restriksyon fizik oswa mekanik, izolman nan yon chanm ki fèmèn ak kle oswa pòt fèmèn, pinisyon fizik, oswa vyolans vèbal.

Plent konsènan Plan Sipò pou Konpòtman Pozitif ou a

Si w vle fè konnen enkyetid ou genyen konsènan Plan Sipò pou Konpòtman Pozitif ou a, ou kapab fè sa plizyè fason.

- Kontakte ekip tretman/klinisyen w yo pou pale sou enkyetid ou yo.
- Kontakte yon sipèvize nan biwo founisè a oswa lòt anplasman pou eseye rezoud pwoblèm nan.
- Kontakte kowòdonatè sèvis ou a, ki kapab òganize yon reyinyon avèk founisè a pou pale konsènan pwoblèm nan.
- Kontakte responsab dwa moun nan, kowòdonatè dwa moun nan, oswa komite dwa moun nan pou founisè a (founisè a dwe afiche enfòmasyon sa yo).
- Kontakte espesyalis rejyonal pou kesyon dwa moun nan DDS la oswa Direktè Dwa Moun nan DDS la pa imèl nan officeofhumanrights@mass.gov.

D. Politik konsènan Alkòl ak Sibstans ki Ilegal

Ou gen dwa pou w lib pou chwazi mòd lavi ou vle.

Ou menm ak ekip ou a kapab deside ansanm pou di alkòl kapab konpwomèt sante w ak sekirite w. Epitou, doktè w la kapab ba w konsèy pou w pa bwè alkòl si sa ap an konfli ak medikaman li te preskri w yo.

Nenpòt restriksyon konsènan aksè w nan alkòl dwe jistifye grasa yon bezwen byen presi yo evalye epi motive nan plan ki santre sou moun nan. Epitou, yo kapab oblije ajoute li nan yon Plan Sipò pou Konpòtman Pozitif, si li aplikab, nan kad ISP ou a. Pou konsidere yon restriksyon endividyèl sou konsomasyon alkòl, founisè a dwe suiv etap ki nan pwosesis plan ki santre sou moun, ki dekri nan bwochi sa a.

Menmsi w kapab pa gen yon restriksyon endividyèl pou itilize alkòl, kolokatè w yo kapab gen yon restriksyon. Nan ka sa a, yo kapab mande w bwè alkòl la lwen lòt moun oswa konsève alkòl la epi mete li yon kote lòt moun p ap jwenn.

Pou objektif pwogram Egzonerasyon Domaj Serebral Devlope ak Plan Moving Forward la, nan “sibstans legal” pa gen marigwana, kit li apwouve oswa li pa apwouve pou rezon

medikal. Gen entèdiksyon pou itilize oswa posede marigwana, sou kèlkeswa fòm lan, nan etablisman rezidansyèl pwogram Egzonerasyon pou Domaj Serebral Devlope ak Plan Moving Forward la kouvri yo, paske se pwogram Medicaid federal la ki finanse pwogram sa yo epi marigwana pa legal selon lwa federal la.

Si w gen yon antesedan pwoblèm alkòl oswa pran dwòg, oswa w vin devlope yon pwoblèm konsa, ou kapab jwenn enfòmasyon sou konsomasyon sibstans ak potansyèl konsekans ki genyen lè w kontinye itilize sibstans yo. Manm pèsònèl pwogram rezidansyèl la kapab oryante w nan sipò ak sèvis terapetik ki apwopriye yo.

E. Politik sou Kesyon Fimen

Manm pèsònèl la pa kapab fimen lakay ou, epi pèsòn pa kapab fimen nan chanm yo. Gen otorizasyon pou fimen sibstans ki legal nan zòn yo deziyen pou sa yo, akondisyon zòn sa yo gen sandriye ki fèt ak materyèl ki pa kapab pran dife.

Chak ane, ou kapab resevwa yon fòmasyon sou konsekans adiktif, kanserijèn, ak lòt konsekans fizik danjere ki lye ak fimen sigarèt (san wete sigarèt elektwonik), siga, ak lòt pwodui tabak tankou tabak pou moulen.

Si w vle fimen, yo ap evalye kapasite pou w fè sa an sekirite, avèk oswa san èd oswa sou sipèvizyon. Si sipèvizyon manm pèsònèl la nesesè pou rezon sekirite, yo ap fè tout efò ki nesesè pou respekte pwogram pou fimen ou prefere a san yo pa deranje pwogram nan.

Nenpòt restriksyon konsènan aksè w nan yon seri objè pèsònèl (pa egzanp briki) dwe jistifye grasa yon bezwen byen presi yo evalye epi motive nan plan ki santre sou moun nan.

VI. Lòt Resous

Pou plis enfòmasyon sou Egzonerasyon pou Domaj Serebral Devlope a ak Egzonerasyon pou Plan Moving Forward la, san wete bwochi enfòmasyon ak fòm demann yo, suiv lyen ki anba a oswa eskane kòd QR yo.



Enfòmasyon Jeneral sou Egzonerasyon ABI ak MFP yo epi sou Règleman ak Politik ki Aplikab yo

www.mass.gov/acquired-brain-injury-abi-and-moving-forward-plan-mfp-waivers



Egzonerasyon pou Domaj Serebral Devlope

www.mass.gov/info-details/acquired-brain-injury-abi-waivers



Egzonerasyon pou Plan Moving Forward

www.mass.gov/info-details/moving-forward-plan-mfp-waivers



Gade Enpak la: Antesedan Reyisit nan Kesyon Egzonerasyon

www.mass.gov/info-details/abi-and-mfp-waiver-success-stories



Komite Konsiltatif pou Patisipan nan Egzonerasyon pou Domaj Serebral Devlope (Acquired Brain Injury, ABI), Plan Moving Forward (Moving Forward Plan, MFP), ak Twomatis nan Sèvo (Traumatic Brain Injury, TBI)

www.mass.gov/ABIMFPTBIcommittee



Règ konsènan Sèvis Adomisil ak Sèvis Kominotè (Règ Kominotè)

www.mass.gov/HCBSCCommunityRule



Komisyon pou Pwoteksyon Moun ki gen Andikap (Disabled Persons Protection Commission, DPPC) pou rapòte abi yo fè kont moun ki gen 18-59 lane yo

<https://dppcmass.gov/>



Sèvis Pwoteksyon Granmoun (pou rapòte abi yo fè sou moun ki gen 60 lane oswa plis)

www.mass.gov/protecting-older-adults-from-abuse

VII. Kontak Responsab Dosye/ Kowòdonatè Sèvis la

Non _____

Nimewo Telefòn _____

Remak _____

[illegible]

I received a copy of the ABI/MFP Participant Handbook from my case manager/service coordinator.

Participant or Guardian Signature

Date

Printed Name

Case Manager/Service Coordinator Signature

Mwen te resevwa yon kopi Bwochi Patisipan nan ABI-MFP a nan men responsab dosye/Kowòdonatè sèvis mwen an.

Siyati Patisipan oswa Responsab legal la

Dat

Non ak Lèt Enprime

Siyati Responsab Dosye/Kowòdonatè sèvis la

Nou chwazi kite paj sa a vid

